

OPEN MY FLORIDA
BUSINESS

GID POU KÒMANSE YON BIZNIS NAN FLORIDA



SA KI NAN LIV LA

Entwodiksyon	2
Poukisa pou w chwazi Florida?	4
Kòmanse Biznis ou An	6
Plan Biznis la	6
Pati ki nan Plan Biznis yo	7
Kote Biznis lan ye a	8
Kote a – Bagay pou Konsidere yo	9
Finansman Biznis lan	10
Estrikti Biznis lan	12
Non Biznis lan	14
Taks	15
Lisans, Pèmi ak Papye yo	20
Egzijans Eta yo nan zafè Lisans pou Biznis	20
Egzijans Administrasyon Lokal yo	22
Egzijans Federal yo nan zafè Lisans pou Biznis	22
Asirans	24
Rekrite Anplwaye yo	27
Fè Kontra Avèk Administrasyon Eta a	30
Èd Eta a pou Fanm, Veteran ak Minorite ki Genyen Biznis yo	31
Pwogram Èd pou Biznis yo	32
Lotri Florida	36
Preparasyon ak Relèvman si ta gen Katastwòf Natirèl	37
Gid Referans Rapid pou Ouvri yon Biznis nan Florida	38
Anèks A: Ajans Règlemantasyon	40
Anèks B: Lòt resous yo	46



ENTWODIKSYON

Yo te prepare Gid eletwonik sa a tankou yon

ti liv ki mennen ou sitwèb Pòtay Enfòmasyon sou Biznis nan Florida sou www.OpenMyFloridaBusiness.gov.


Eta Florida a te mete pòtay la sou pye nan objektif pou l ede moun k ap chèche kòmanse epi jere yon biznis nan Eta nou an.

Lè w antre tip biznis ou vle kòmanse a, pòtay la pral kreye yon lis verifikasyon pou ede w konprann egzijans gouvènman an fè yo pou kategori biznis pa w la. Gid elektwonik la pral ba w zouti senp yo pou ouvri yon biznis nan Florida. Li pral ba w tou resous anplis yo pou ale nan lis verifikasyon ki pwòp a biznis lan. Resous sa yo disponib sou pòtay la.

Premye pati Gid eletwonik la genyen pi bon konsèy pratik ak enfòmasyon jeneral yo ki konsène diferan aspè pou kòmanse epi jere yon biznis nan Florida. Genyen tou yon gid referans rapid pou eksplike w egzijans Eta yo ki koresponn avèk pifò biznis yo. Danyè pati a genyen enfòmasyon sou ajans regilasyon Eta yo epi li bay lòt resous pou antreprenè yo.

Depatman Biznis ak Règlemantasyon Pwofesyonèl (The Department of Business and Professional Regulation) la te travay kòtakòt avèk ajans Eta sa yo pou devlope Pòtay Enfòmasyon sou Biznis nan Florida ak Gid elektwonik lan:

- Ajans pou Bay Swen Sante (Agency for Health Care Administration)
- Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè (Department of Agriculture and Consumer Services)
- Depatman Sèvis Timoun ak Fanmi (Department of Children and Family Services)
- Depatman Fwi Sitrik (Department of Citrus)
- Depatman Opòtinite Ekonomik (Department of Economic Opportunity)
- Depatman Zafè Granmoun Aje (Department of Elder Affairs)
- Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection)
- Depatman Sèvis Finansyèl (Department of Financial Services)
- Depatman Sante (Department of Health)
- Depatman Sekirite sou Otowout ak Veyikil-a-Motè (Department of Highway Safety and Motor Vehicles)
- Depatman Sèvis Jesyon (Department of Management Services)
- Depatman Revni (Department of Revenue)
- Depatman Deta (Department of State)
- Divizyon Jesyon Ijans (Division of Emergency Management)
- Komisyon pou Konsèvasyon Lapèch ak Espas Natirèl (Fish and Wildlife Conservation Commission)
- Lotri Florida
- Biwo Regilasyon Finansyèl (Office of Financial Regulation)
- Biwo Regilasyon Asirans (Office of Insurance Regulation)
- Rezo Sant Devlopman Ti Biznis (Small Business Development Center (SBDC) Network)



ATANSYON: Pandan gen efò ki te fèt pou verifye sa k anndan Gid elektwonik sa a korèk ak byen detaye, li rekòmande pou al wè yon pwofesyonèl (pa egzanp, SBDC, avoka, CPA, eksetera) pou w asire ou satisfè tout egzijans yo pou kòmanse biznis ou an. Depatman an pa responsab si sa ki sou sitwèb yo gen lyen avèk Gid elektwonik lan oubyen pòtay lan.



POUKISA SE FLORIDA?

Poukisa pou m kòmanse yon biznis nan Florida?

Florida se twazyèm pi gwo Eta nan peyi a, se 19^{yèm} pi gwo ekonomi nan lemond. Li ofri avantaj sa yo pou jenn biznis potansyèl yo:

Klima pou Biznis

Florida se youn nan pi bon Eta yo pou fè biznis. Administrasyon Eta a kenbe egzijans reglemantè yo ak taks sou biznis yo ba. Florida pa genyen enpo sou revni pèsònèl, enpo sou gen kapital oubyen dwa siksesyon. Se sa ki fè endis Tax Foundation sou klima fiskal taks sou biznis Eta a kolekte endike Florida se pi bon Eta nan Sidès Etazini. Li mete l nan 5 premye Eta yo nan peyi a depi 2011.

Touris

Endistri touristik dinamik Florida a bay ekonomi li an anpil fòs. Florida se premye kote moun vin vizite, fè touris ak pase vakans. Se sa ki fè gen anpil nouvo biznis ak djòb k ap kreye nan Eta a san rete.

Enfraskrikkti

Wout, chemen fè, ayewopò, pò maritim ak pò espasyal Florida yo ap bay plis pase 10 milyon abitan ak plis pase 105 milyon touris sèvis chak ane. Florida prè pou l ekspozè anlwaye w, pwodwi w ak lide w yo bay lemond antye an – rapid .

Komès

Jwenn aksè nan mache etranje yo nan jwi avantaj lokalizasyon estratejik ak global epi ekspètiz li nan komès entènasyonal la. Florida genyen syèj sosyal, antrepo, enstalasyon distribisyon ak fabrikasyon pou anpil konpayi entènasyonal yo. Florida plase 6yèm nan peyi a kote se majorite antrepriz etranje yo ki bay travay.

Endistri

Kèlke Eta sèlman ka fè konpetisyon avèk kantite, gwosè ak siksè endistri Florida yo. Pa egzanp, Florida se premye pòt aksè nan lespas menm jan tou li se yon gwo destinasyon touristik. Epitou Florida yon gwo konpetitè nan sektè syans lavi, fabrikasyon, teknoloji enfòmasyon ak teknoloji pwòp yo.

Mendèv

Jwenn talan biznis ou an bezwen kounya nan basen talan fon ak divèsifye Florida a ki gen plis pase 9,7 milyon moun ladan l. 2 inivèsite leta, 6 gwo lekòl medsin ak plizyè kolèj ak inivèsite prive yo travay kòtakòt avèk kominote biznis lan pou mete sou pye pwogram ki pou ede endistri Florida yo.

Kalite Lavi

Jwenn ekilib ant vi pwofesyonèl ak vi prive nan Eta Solèy la avèk yon bon tan, anpil lwazi epi yon kilti eksepsyonèl. Vi a pa twò chè epi w ap ka achte tout bagay. Florida gen yon litoral plaj sab enkonparab, rivaj lanmè ak gòlf, lak dlo dous ak pak rejyonal ak lwazi. Nan FLorida, ou kapab jwenn espò yo fè nan dlo pandan tout ane a, lapèch nan dlo sale ak dlo dous, pak ki gen tèm, ak teren gòlf ki gen renome mondyal, evènman espòtif pwofesyonèl, teyat ak konsè. Florida gen yon bagay pou tout moun.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou avantaj ki genyen nan fè biznis nan Florida epi jwenn plis resous, tanpri ale sou sitwèb Florida commerce <https://floridajobs.org/business-growth-and-partnerships>.



KÒMANSE BIZNIS OU AN



OPEN

Plan Biznis yo

Kreye yon plan biznis se youn nan mezi ki pi enpòtan pou pran lè w ap komanse biznis ou an. Plan an sèvi tankou yon plan aksyon pandan premye ane biznis ou an. Yon plan biznis fè previzyon sou twa a senk lane k ap vini yo epi l dekri wout yon konpayi gen entansyon pran pou l atenn objektif anyèl li yo ak tou previzyon revni yo. Yon plan detaye ede w tou fè yon bak pou w ka byen reflechi sou eleman kle biznis ou yo epi amelyore desizyon w ap pran chak jou yo. Si w ap chèche jwenn kapital oubyen finansman pou demare biznis lan, ou dwe genyen yon plan biznis. Laplipa envestisè yo pa pral panse envesti nan biznis ou an san yon plan afè ki eksplike potansyèl biznis ou an alavni.

Administrasyon Ti Biznis Etazini (SBA) bay gratis yon Zouti Plan Biznis etap-pa-etap ki ka ede w mete plan afè w la sou pye. Aprè w vin kreye yon kont avèk modpas pèsonalize sou sitwèb SBA a, ou pral kapab wè tout enfòmasyon yo sou biznis ou an epi anrejistre plan biznis w lan nan fòma eletwonik. Lè w ap itilize sitwèb SBA a, ou kapab aktyalize epi jwenn aksè nan plan biznis w lan nenpòt moman. Ou kapab itilize tou plan afè w lan pou pale sou pwochen etap ou yo avèk mantò oubyen yon konseye SBA a tankou Kò Sèvis Kad Retrete Yo (Service Corps of Retired Executives, SCORE), Sant Devlopman Ti Biznis lokal ou an (SBDC) oubyen Sant Biznis Fanm yo (Women's Business Center, WBC).

Pou kòmanse plan biznis w lan, tanpri ale sou sitwèb <https://www.sba.gov/business-guide/plan-your-business/write-your-business-plan.your-business-plan>.

Pati ki nan Plan Biznis yo

Yon plan afè kapab genyen kèk nan bagay sa yo:

Yon Ti Rezime

Yo konsidere rezime an tankou pati ki pi enpòtan nan yon plan afè. Li dwe bay moun k ap li an oubyen fiti investisè an enfòmasyon sou konpayi w lan, kote li ye, kote w planifye rive avè l, kijan w planifye rive ak poukisa li pra l reyisi. Pati sa a ta dwe enteresan, klè, kout epi pètinan.

Deskripsyon Konpayi an

Deskripsyon konpayi an ede moun k ap li oubyen investisè potansyèl yo konprann modèl biznis ou an.

Etid Mache

Yon pati ki bay enfòmasyon sou etid mache montre ou te fè etid epi devlope yon konesans solid sou endistri biznis ou an.

Lin Pwodwi/Sèvis

Yon rezime detaye ki di kisa pwodwi ak sèvis ou yo fè epi jan yo reponn avèk bezwen kliyan w yo enpòtan. Ou ta dwe eksplike avantaj pwodwi oubyen sèvis ou an, avantaj li genyen sou konpetisyon an ak nan ki etap devlopman li ye kounye a (pa egzanp, ide, pwototip).

Maketin ak Lavant

Yon deskripsyon ki di kòman konpayi w lan pra l mete aksan sou kliyan l yo grasa estrateji maketin ak lavant yo montre kòman biznis ou an pral rive sou kliyan l yo pou vann pwodwi l yo.

Previzyon Finansyè

Pati sa a pi enpòtan pou investisè ak pretè yo paske li di ou te bati konpayi w lan sou fondasyon solid. Li montre tou kijan biznis ou an pral kapab reponn avèk obligasyon finansyè yo pandan l rete rantab.



Kote Biznis lan ye a

Chwazi yon kote pou biznis lan pa yon desizyon fasil. Chwazi yon kote ki rantab pou tabli biznis ou an se yon desizyon estratejik ki ta dwe baze sou etid, previzyon ak travay ou te fè nan plan biznis w yo.

Pifò biznis yo chwazi yon kote ki mete yo nan plis kontak avèk kliyan yo, men genyen plis ak mwens faktè vizib ou ta dwe konsidere lè w ap chwazi yo kote pou tabli biznis ou an.

Pou ka jwenn plis enfòmasyon epi pou jwenn plis resous, tanpri ale sou sitwèb Small Business Administration <https://www.sba.gov/business-guide/launch-your-business/pick-your-business-location>.



Kote a – Bagay pou Konsidere yo

Imaj Mak

Eske kote a koresponn avèk imaj ou vle kenbe a?

Konfò Kliyan an

Eske kote a konvenab pou kliyan yo? Eske li fasil pou jwenn? Eske l gen ase espas pou pakin machin?

Konpetisyon

Eske biznis ki sou kote w yo nan konpetisyon avèk ou oubyen yo konplete w?

Mache Mendèv Lokal

Eske zòn nan genyen anplwaye potansyèl?
Ki distans yo pral mache?

Plan pou Grandi Alavni

Si w prevwa pou devlope alavni, chèche yon bilding ki genyen posibilite pou gen plis espas.

Tou Pre Founisè yo

Founisè yo dwe kapab jwenn biznis ou an tou.

Sekirite

Konsidere to kriminalite a. Èske anplwaye yo ak kliyan yo santi yo an sekirite nan bilding nan oubyen lè y ap mache pou ale nan machin yo?

Regilasyon Zonaj

Èske w te verifeye pou wè si kote yo pwopoze w la pral mache nan zòn ki chwazi a?



Finansman Biznis lan

Genyen plizyè fason pou finanse ti biznis ou an. Jeneralman, bank yo pa pral bay prè pou ouvri yon biznis. Men, genyen anpil lòt opsyon ou kapab konsidere tankou: refinansman pou biznis ki fenk ap demare yo (itilizasyon fon retrèt), prè pèsònèl, kat kredi, prè sou valè kay oubyen liy kredi ak prè nan men zanmi oubyen manm fanmi yo. Pandan sa yo se tip finansman pèsònèl ki pi tipik pou biznis ou an, ou kapab panse chèche lòt opòtinite ki disponib pou ou yo.

Anplis finansman pèsònèl la, men kèk nan opsyon finansman moun konnen pi byen yo:

Kredi ak Mikrokredi SBA

Administrasyon Ti Biznis Etazini (SBA) ofri plizyè opòtinite finansman diferan pou kòmanse yon ti biznis. Ale sou sitwèb <https://www.usa.gov/start-business> pou jwenn plis enfòmasyon.

Men kèk nan resous yo:

Pwogram Kredi 7(a), pwogram kredi SBA ki pi popilè a fèt pou bay yon pil gwo biznis fon woulman. Men, li pa ka itilize pou achte kapital aktif.

Pwogram Kredi DC/504 lan gen objektif bay finansman pou gwo imobilizasyon yo tankou materyèl oubyen byen imobilye yo.

Pwogram Mikrokredi SBA a bay ti biznis yo kredi pou yon ti tan (jiska 50 000\$) atravè pretè yo chwazi espesyalman yo. Mikrokredi yo kapab peye fon woulman an, envantè oubyen provizyon yo, mèb oubyen enstalasyon yo oubyen machin yo oubyen materyèl yo.



Pwogram Mikrofinans Florida yo

Lalwa sou Mikrofinans Florida a pral pèmet bay Antreprenè ak Ti Biznis nan Florida yo jwenn aksè nan kredi. Lwa a gen de pwogram: yo Pwogram Kredi ak yon Pwogram Garanti.

Pwogram Kredi: Depatman Opòtinite Ekonomik Florida (DEO) pral bay, nan yon konpetisyon, lajan bay twa (3) administratè kredi ki elijib. Yo menm yo pral bay antreprenè ak ti biznis yo mikrokredi ki pral rive jiska 50 000\$. Moun k ap pran prè a (yo) dwe patisipe nan fòmasyon sou biznis ak asistans teknik Rezo Devlopman Ti Biznis Florida a bay yo.

Pwogram Garanti: Enterprise Florida, Inc., pral itilize lajan Eta a pou l garanti prè pretè prive yo fè bay antreprenè ak ti biznis yo nan Florida. Yo ka bay garanti prè yo sèlman sou prè ki ant 50 000\$ ak 250 000\$ yo ak yon garanti ki pa kapab depase 50 pousan montan total prè a.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb <https://www.floridajobs.org/business-growth-and-partnerships/for-businesses-and-entrepreneurs/business-resource>.

Sibvansyon

Pandan leta federal la prèske pa bay sibvansyon pou kòmanse oubyen agrandi yon biznis, sèten biznis, espesyalman sa ki nan domèn teknoloji/ rechèch ak devlopman yo posib pou yo kalifye pou yon sibvansyon ti biznis nan men leta nan kad pwogram Rechèch Inovasyon Ti Biznis (SBIR) ak Transfè Teknoloji Ti Biznis (STTR) yo (Small Business Innovation Research and the Small Business Technology Transfer programs.). Kèk sibvansyon pou ti biznis disponib nan pwogram Eta ak lokal yo, òganizasyon ki pa pou fè pwofi yo ak lòt group yo. Pòtay USA.gov a bay zouti pou ede w nan chèche opòtinite finansyè nan men gouvènman federal la ak Eta a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pòtay USA.gov a, tanpri ale sou sitwèb <https://www.usa.gov/start-business>.

Kapital-Risk

Kapital-risk la se yon tip investisman ki fèt pou bay finansman ann echanj aksyon yo oubyen pou genyen yon pati nan konpayi an. Moun ak fim ki bay kapital-risk yo investi nan konpayi ki fenk ap lanse yo ki bay posibilite fè benefis avèk risk pou pa gen garanti konpayi a pral fè benefis ann echanj fon pwòp nan konpayi w lan. Pandan fim ki bay kapital-risk yo gen tandans genyen anpil konsiltan ki gen eksperyans pou ede yo konseye yon nouvo biznis, yo gen tendans tou jwe plis wòl nan bay konsèy ak jere.

Investisè Pwovidansyèl

Investisè pwovidansyèl yo se tipikman moun ki bay antrepriz ki fenk ap demare yo kapital annechanj yon to sou retou sou investisman yo an ki pi wo pase sa yo ka jwenn sou mache echanj lan, obligasyon oubyen imobilye an. Yo gen tandans pou yo se yon bon opsyon pou anpil biznis ki fenk ap demare paske yo rapid epi yo nòmalman bay investisman nan yon sèl vèsman. Tankou konpayi ki bay kapital-risk yo, investisè pwovidansyèl yo ka vle pou jwe yon wòl aktif nan desizyon enpòtan w ap pran pou biznis ou an.

Kosyonman

Yon kosyonman se yon dokiman kontraktiyèl la ak konpayi kosyonman an siyen ki asire moun ki gen pwojè a pral egzekite kontra a. Si kontraktiyèl la pa fin egzekite kontra a, konpayi kosyonman an dwe swa jwenn yon lòt kontraktiyèl pou fini pwojè a oubyen dedomaje moun ki gen pwojè a pou pèt finansyè an. SBA an gen yon pwogram kosyonman pou pwopriyete ti biznis yo ak biznis ki fenk ap lanse yo.





Estrikti Biznis lan

Chwazi estrikti biznis ou an se youn nan kokennchen dezisyon ou pral pran yo. Tip estrikti biznis ou chwazi an pral genyen yon enpak dirèk sou konbyen kòb taks ou pral peye, kantite papyè biznis ou an pral dwe fè, kantite kontwòl ou pral genyen sou biznis ou an, kantite responsabilite pèsònèl ou pral fè fas ak kapasite w pou kolekte kòb. Depatman Deta Florida (Florida's Department of State, DOS) kapab ede w deklare oubyen anrejistre biznis ou an.

Kèk tip estrikti biznis komen yo genyen sa yo:

Antrepriz endividyèl

Antrepriz endividyèl yo fasil pou monte ak pou kraze. Yon antrepriz endividyèl se yon ti biznis yon sèl moun posede epi ap dirije san pa gen okenn diferans ant biznis lan ak ou menm ki se pwopriyete a. Tout benefis yo se pou ou. Ou responsab tout dèt, pèt ak angajman biznis ou an. Tout revni ak pèt biznis lan deklare nan deklarasyon enpo sou revni endividyèl pwopriyete a.

Pou jwenn fòm yo ak konbyen pou peye pou fè deklarasyon an, tanpri ale sou sitwèb <https://dos.myflorida.com/sunbiz/>. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou ouvè yon biznis, tanpri ale sou sitwèb <https://dos.fl.gov/sunbiz/start-business/know-before-starting/>



Patenarya (Jeneral ak Limite)

Patenarya yo fasil pou fòmè menm jan ak antrepriz endividyèl yo. Nan patenarya jeneral yo, tout patnè yo genyen menm otorite pou jere oubyen kontwole biznis lan aktivman sof si patnè yo genyen yon akò patenarya ant yo. Kontrèman avèk patenarya jeneral yo, patenarya limite yo mande yo akò patenarya e yo tou de genyen patnè limite ak jeneral. Patnè limite yo sanble plis avèk investisè yo. Yo pa genyen ni otorite pou dirije konpayi an ni yo pa genyen tout responsabilite pou dèt konpayi an. Ti biznis sa yo pèmèt de oubyen plis moun pataje dèt ak bay kapital. Chak patnè yo deklare revni biznis lan nan pwòp deklarasyon enpo federal sou revni endividyèl yo. Patenarya limite yo dwe anrejistre bòkote Depatman Deta, Divizyon Sosyete Florida (Florida Department of State, Division of Corporations).

Sosyete Anonim

Sosyete anonim yo oubyen LLC yo, se yon fòm ibrid estrikti biznis ki melanje eleman patenarya yo ak sosyete yo. Nan Florida, LLC yo melanje enpozisyon dirèk patenarya oubyen antrepriz endividyèl lan avèk responsabilite limite yon sosyete. Nan nivo federal la, LLC ki genyen plis pase yon manm dwe fè yon deklarasyon patenarya sof si yo chwazi klase I tankou yon sosyete. LLC yo dwe anrejistre bòkote Depatman Deta, Divizyon Sosyete Florida (Florida Department of State, Division of Corporations).

Sosyete (Souchapit C ak S)

Yon sosyete se yon antite jiridik lalwa rekonèt tankou yon antite apa ak diferan pa rapò avèk pwopriyete li e ki bay pwopriyete li yo responsabilite limite. Sosyete yo tipikman genyen laplipa dwa yon moun genyen. Yo ka pase kontra yo, fè prè ak bay prè lajan. Yo trennen moun lajistis oubyen moun ka trennen yo lajistis, rekrite anplwaye, posede aktif ak peye taks. Sosyete yo dwe anrejistre bòkote Depatman Deta, Divizyon Sosyete

Florida (Florida Department of State, Division of Corporations). De de tip sosyete yo se Sosyete-C ak Sosyete-S. Nan yon Sosyete-C, se sosyete a ki peye taks ak asime dèt olyede moun yo. Yon Sosyete-S pèmèt jiska 75 aksyonè pataje revni ak depans yo epi deklare yo nan deklarasyon enpo sou revni endividyèl yo.

	AVANTAJ YO	ENKONVENYAN YO
ANTREPRIZ ENDIVIDYÈL	<ul style="list-style-type: none"> Fasil e Pa chè Toutkontwòl Preparasyon Taks Fasil 	<ul style="list-style-type: none"> Responsabilite Pèsonèl Ilimite Difisil pou Kolekte Lajan Fado Lou Sikse/Echèk
PATENARYA	<ul style="list-style-type: none"> Fasil e Pa Chè Angajman Finansye Pataje Total Kopetans Konplemantè Motivasyon Anplwaye yo fè Patenarya 	<ul style="list-style-type: none"> Dezakò sou Responsabilite Konjwent ak Individyèl Nan Mitan Patnè yo Benefis Pataje
SOSYETE ANONIM (LLC)	<ul style="list-style-type: none"> Responsabilite Limite Mwens Konsèvasyon Dosye Pataj Benefis 	<ul style="list-style-type: none"> Vi Limite Enpo Sou Biznis Endividyèl
SOSYETE	<ul style="list-style-type: none"> Responsabilite Limite Kapab Jenere Kapital Tretman Enpo sou Sosyete Kapab atire Anplwaye Potansyel yo 	<ul style="list-style-type: none"> Tan ak Lajan Taksasyon Doub Lòt Papyè

Non Biznis lan

Depi w fin deside estrikti biznis ou an, ou pral bezwen chwazi yon non pou li. Si se yon antrepriz endividyèl, ou kapab itilize bon non w tankou non biznis ou an. Men, si w deside itilize yon lòt non pou li, ou dwe fè yon deklarasyon pou w itilize yon fo non “Fè Biznis anba Non”. Si w ta renmen wè si non oubyen fo non ou te chwazi pou biznis ou an deja anrejistre, tanpri ale sou sitwèb <https://dos.myflorida.com/sunbiz/search/>.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fo non yo, tanpri ale sou sitwèb Depatman Deta a <https://dos.fl.gov/sunbiz/start-business/efile/fl-fictitious-name-registration/> oubyen enskri nan <https://dos.myflorida.com/sunbiz/forms/>.



TAKS



Deklare epi Peye Taks

Estrikti biznis ou an (sa vle di antrepriz endividyèl I, patenarya, sosyete anonim (LLC) oubyen sosyete) di ki fòm deklarasyon enpo sou revni ou dwe founi bay gouvènman federal la.

NIMEWO FEDERAL IDANTIFIKASYON PATWON

Nimewo Idantifikasyon Patwon (EIN), yo rele tou Nimewo Identifikasyon Fiskal, idantifye yon biznis. Nimewo sa a pèmet yo pran enpo sou biznis lan. Ou pral bezwen yon EIN pou w ka ouvri yon kont labank pou biznis ou an. EIN lan se pou idantifye biznis lan lè w ap fè demand lisans yo nan nivo Eta a ak nan nivo lokal, lè w ap depoze fòm deklarasyon enpo sou revni ak fòmilè enpo federal/fòmilè enpo sou anplwa ak pou ka indantifye w ap fè deklarasyon enpo elektwonik ki itilize Sistèm Elektwonik Deklarasyon Enpo Federal sou Revni (Electronic Federal Tax Filing System (EFTPS)).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou genyen EIN ou an, tanpri ale sou sitwèb

<https://www.irs.gov/businesses/small-businesses-self-employed/get-an-employer-identification-number>

ENPO FEDERAL

Leta federal la pran plizyètip taks sou biznis yo:

Enpo sou Revni

Ou dwe fè yon deklarasyon enpo sou revni si salè nèt ou fè nan travay ak tèt ou an depase yon limit yo fikse. Li posib pou toujou dwe fè yon deklarasyon enpo sou revni si w satisfè nenpòt lòt egzijans nan zafè fè deklarasyon enpò.

Enpo sou Moun ki Travay avèk Tèt yo

Enpo sou Moun ki Travay avèk Tèt yo (SE Tax) se yon taks Sekirite Sosyal ak Medicare ki sitou pou moun k ap travay ak pwòp tèt yo. Li sanble avèk enpo sekirite sosyal ak Medicare yo retire nan salè laplipa ouvriye yo.

Enpò sou Travay

Si ou genyen plizyè anplwaye, ou pral bezwen depoze fòmilè pou fè deklarasyon enpo sou travay yo. Enpo sou Travay yo genyen bagay sa yo ladan l:

- Enpo Sekirite Sosyal ak Medicare.
- Prelèvman alasous revni federal.
- Enpo Federal Chomaj (FUTA).



Enpo Dirèk

Epitou, li posib pou genyen fòm enpo dirèk ak enpo federal pou depoze si w fè nenpòt nan sa ki vini aprè yo:

- fabrike oubyen vann sèten pwodwi.
- jere sèten tip biznis.
- itilize plizye tip materyèl, enstalasyon oubyen pwodwi.
- resevwa kòb pou sèten sèvis.

Pou w ka konnen plis sou enpo sa yo, ale sou sitewèb Internal Revenue Service's (IRS) *Tax Guide For Small Business*

<https://www.irs.gov/Publications/P334/>.

ENPO JENERAL ETA A

Pwogram Administrasyon Enpo Jeneral Depatman Revni Florida ((General Tax Administration Program of Florida's Department of Revenue, DOR) enpoze plis pase 30 taks ak frè ki itilize pou finanse sèvis Eta a ak sèvis gouvènman lokal la bay moun nan Florida yo. Lè w ap kòmanse yon biznis nan Eta Florida, ou pral oblije deside ki taks ki koresponn avèk tip biznis ak aktivite w lan. Pou laplipa taks yo, ou dwe anrejistre bò kote DOR anvan w kòmanse kolekte, deklare oubyen peye taks Eta yo.

Lavant ak Itilizasyon

Si w pral vann, lwe, enfèmen oubyen repare byen, bay sèten sèvis, lwe oubyen enfèmen kay oubyen kay meble pou yon ti tan oubyen gwo kay pou fè biznis oubyen achte ak itilize nan pwodwi taksab yo pa takse lè w achte yo, ou dwe anrejistre bòkote DOR anvan w kòmanse biznis ou an.

Re-anplwa

Pwogram asistans re-anplwa an bay travayè ki pèdi travay yo paske se pat fòt yo ak travayè ki kapab epi ki disponib yo yon salè pasyèl pandan yon ti moman. Patwon nan Florida yo peye taks re-anplwa yo. Si biznis ou an pral bay travayè nan Florida travay, ou dwe anrejistre bòkote DOR.

Revni Sosyete

Pifò sosyete ak sèten antite ki fè zafè oubyen ki enkòpore nan Florida ak tou sosyete ki deyò Eta yo, dwe depoze yon deklarasyon enpo sou revni sosyete yo nan Florida, sof si yo pa mande biznis lan peye taks.

LOT TAKS ETA YO

DOR enpoze plizyè lòt taks ki kapab aplike selon tip oubyen aktivite biznis ou an oubyen sitiyoasyon !:

Sèvis Kominikasyon

Yon taks sou sèvis kominikasyon aplike pou sèvis telefòni (ak tou telefòn selilè), videyo, radyodifizyon dirèk adomisil ak sèvis kominikasyon ki gen rapò avèk li yo. Taks la genyen de pati: taks sou sèvis kominikasyon nan Florida yo ak taks sou sèvis kominikasyon lokal yo. Biznis k ap vann oubyen revann sèvis kominikasyon yo dwe anrejistre.

Sitaks Diskresyonè sou Lavant (taks opsyon lokal konte)

Sitaks Diskresyonè sou Lavant, ki rele tou taks sou lavant opsyon lokal konte a, se yon taks sou lavant laplipa konte Florida yo enpoze. Taks anplis la aplike pou laplipa tranzaksyon ki genyen taks sou lavant oubyen itilizasyon Machann ki gen taks sou lavant sou do yo dwe kolekte taks anplis diskresyonè sou lavant yo epi 6 pousan taks sou lavant pa Eta yo nan men moun k ap achte yo. An fonksyon

konte machann nan ye a, anrejistreman pou Taks Anplis Diskresyonè sou Lavant yo antre nan anrejistreman Taks sou Lavant ak Itilizasyon.

So sou Dokiman

Sa k ap vini la yo genyen taks so sou dokiman sou yo:

- Dokiman ki transfere yon enterè nan byen imobilye Florida yo, tankou yon ak notarye;
- Obligasyon alekri pou peye lajan ki siyen oubyen livre nan Florida, tankou yon prè pou machin ak
- Ipotèk ki garanti obligasyon yo lè li enrejistre.

Yon moun ki enplike nan senk oubyen plis tranzaksyon taksab nan nenpòt mwa kote taks la peye dirèkteman bay Depatman an dwe anrejistre bòkote DOR.

Gaz

Nenpòt moun ki estoke gaz nan yon tèminal, ki fè transpò gaz pou rantrè oubyen sòti yon kote nan Florida, ki enpòte oubyen ekspòte gaz anndan oubyen deyò Florida oubyen vann gaz nan Florida dwe jwenn yon lisans epi fè yon deklarasyon enpo sou revni. Anplis, nenpòt moun ki enpòte nan kamyon oubyen nan tren, vann pwodwi nan kote yo chaje tèminal, pwodwi biyodyezèl oubyen melanje gaz deyò yon tèminal pou itilize dwe peye taks Eta yo ak taks opsyon lokal yo. Genyen tou yon frè enspeksyon si w vann gazolin oubyen pwodwi ki egal avèk gazolin yo. Pou w ka jwenn yon lisans, ou dwe depoze yon Demand Taks sou Gaz oubyen Polyan ranpli, fòm DR-156, yo dwe mennen yon ankèt sou pase w epi w dwe peye frè aplikab anvan w te mennen aktivite yo. Yo egzije tou yon frè si w ekspòte gaz oubyen si w genyen yon obligasyon fiskal ki pi plis pase 50,00\$. Yo ka mande w plis dokiman anvan Eta a ba w lisans pou transpòte gaz.

Taks Resèt Brit sou Sèvis Piblik yo

Yon taks aplikab pou resèt brit ki sòti nan vann, livre oubyen transpòte gaz natirèl, gaz yo fè oubyen kouran bay yon konsomatè nan Florida. Biznis k ap vann, livre oubyen transpòte kouran oubyen gaz natirèl/gaz yo fè (san konte gaz petwòl likefyè) dwe anrejistre.

Prim Asirans

Chak konpayi asirans nasyonal ak etranje otorize ki nan zafè pase kontra asirans oubyen pansyon nan Florida dwe fè deklarasyon revni prim asirans.

Frè Garanti Veyikil-a-Motè (“Lemon Law Fee”)

Moun k ap vann veyikil-a-motè yo ak lòt moun ki nan zafè vann oubyen lwe veyikil-a-motè yo dwe resevwa yon frè garanti veyikil-a-motè, ki rele tou frè ‘lemon law’, nan men moun k ap achte a oubyen k ap lwe a. Nòmalmman, se moun ki kolekte taks nan konte a yo peye frè a. Si veyikil la titre ak anrejistre andeyò Florida, yo peye DOR frè a.

Polyan yo

Lwa Florida a pran yon enpo dirèk sou privilèj ou genyen pou pwodwi, enpòte oubyen fè enpòte anndan Florida yon sibstans pou vann oubyen itilize ki ka polye. Pami “Polyan yo”, nou jwenn nenpòt pwodwi petwòl, menm jan ak pestisid yo, amonyak, klò ak sòlvan yo san n pa bliye pèkloroetilèn. Deskripsyon ki sot bay la pat genyen ladan l gaz petwòl likefyè, lwil pou medikaman ak lasi. Taks pou polyan sou pwodwi ki pa petwòl yo enpoze sou chak baril oubyen ekivalan baril lè yo fenk retire pwodwi a nan estokaj oubyen vann pou premye fwa nan Florida. Taks pou polyan sou pwodwi ki petwòl yo enpoze sou chak baril oubyen ekivalan baril lè yo enpòte pwodwi nan kamyon oubyen nan tren, lè yo vann li nan kote yo chaje l nan tèminal la oubyen lè yo melanje l deyò tèminal la. Pou w ka jwenn yon lisans, ou dwe depeze yon Demand Taks sou Gaz oubyen Polyan ranpli, fòm DR-156, yo dwe mennen yon ankèt sou pase w, bay yon garanti si w genyen yon dèt fiskal ki plis pase 50,00\$ epi peye frè aplikab yo. Yo ka mande w plis dokiman anvan Eta a ba w lisans pou transpòte sibstans polyan yo.



Frè Prepeye San Fil E911 (Prepaid Wireless E911 Fee)

Biznis k ap vann sèvis san fil prepeye andetay yo dwe anrejistre epi pran frè E911 sou chak sèvis san fil prepeye yo vann ki pèmèt moun k ap rele a konekte ak kominike avèk sistèm Enhanced 911 (E911) nan.

Biznis k ap vann Bagay Dezyèm Men ak Moun kap fè Resiklaj Metal yo

Pifò biznis k ap vann machandiz dezyèm men yo (pa egzanp, mèb kay, bijou, bagay pou espò, jwèt videyo, CD), dwe anrejistre tankou se biznis k ap vann bagay dezyèm men epi reponn avèk egzijans yo fè yo nan zafè konsève achiv ak peryòd detansyon.

Biznis k ap fonksyone nan Florida yo e ki fè kontra avèk moun oubyen antite pou achte metal presye oubyen bijou atravè yon sitwèb, lapòs Etazini an oubyen telemaketin dwe anrejistre tankou biznis k ap revann metal presye. Yo dwe satisfè egzijans yo nan zafè konsève achiv ak peryòd detansyon. Biznis ki ranmase bagay yo jete yo, ki ranmase metal yo ak sant resiklaj yo dwe anrejistre tankou antrepriz resiklaj metal dezyèm men epi yo dwe satisfè egzijans yo nan zafè konsève achiv ak peryòd detansyon.

Separasyon

Nenpòt biznis ki fè separasyon petwòl, souf, mineral solid, ròch fosfat oubyen mineral lou dwe anrejistre, fè deklarasyon enpo epi peye Eta Florida a taks. Anplis, nenpòt biznis ki retire kalkè oubyen sab nan zòn oubyen Konte Miami-Dade County Lake Belt la dwe anrejistre, fè deklarasyon enpo epi peye frè Lake Belt Mitigation and Water Treatment Plant Upgrade egzije a. Pou w ka jwenn yon lisans, ou dwe anrejistre bòkote DOR.

Taks ak Frè sou Dechè Solid yo

Biznis k ap vann kawoutchou nèf yo, batri nèf oubyen bateri yo re-fabrike, k ap lwe bay lòt moun veyikil-a-motè yo oubyen k ap vann sèvis dry-cleaning dwe anrejistre pou deklare ak peye frè aplikab, taks anplis oubyen taks la.

Taks sou Devlopman Touristik (Lokasyon Pwovizwa)

Konte yo ka enpoze taks opsyon lokal yo sou devlopman touristik (sa vle di, lokasyon pwovizwa). Taks lokal sa yo aplike pou lokasyon, afèmaj ak pèmi pou itilize chanm oubyen lojman pandan 6 mwa oubyen mwens.

Anplis taks sou lavant, yo dwe pran taks sou devlopman touristik ki aplikab la nan men moun k ap achte nan moman lavant lan. Si se DOR ki enpoze taks la, yo dwe peye l avèk taks sou lavant ak taks pou itilizasyon an epi okenn lòt anrejistreman pa obligatwa. Si se Konte a ki enpoze taks la nan nivo lokal, yo dwe deklare l bay Konte a epi anrejistreman bòkote Konte a obligatwa.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb DOR lan

https://floridarevenue.com/Pages/info_business.aspx.

TAKS SOU BIZNIS NAN KONTE A

Anplis taks federal ak Eta yo, ou ta dwe ale nan biwo enpo lokal nan konte ou an pou konnen ki taks yo egzije pou biznis ou an. Ou ka jwenn sitwèb biwo enpo nan konte w sou

<https://floridarevenue.com/property/Pages/LocalOfficials.aspx>.

TAKS SOU BIZNIS NAN VIL LA

Ou ta dwe al tcheke avèk minisipalite vil ou an pou konnen si pa gen okenn taks minisipalite a egzije pou biznis ou an. Lig Vil Florida (Florida League of Cities) bay yon repètwa minisipal. Ou ka itilize l pou jwenn enfòmasyon pou kontakte minisipalite w lan

<https://www.flcities.com/>.



LISANS, PÈMI AK ANREJISTREMAN

Administrasyon Eta Florida a, Administrasyon federal administrasyon Konte a ak/oubyen administrasyon oubyen minisipalite w lan ka regilarize biznis ou an epi egzije lisans komèsyal espesifik yo.

EGZIJANS ETA YO NAN ZAFÈ LISANS POU BIZNIS

Anpil biznis oubyen pwofesyon nan Florida mande pou genyen yon lisans Eta a bay, pèmi oubyen anrejistreman anvan pou w kapab ouvri biznis ou an legalman. Tip ak pri yon lisans oubyen pèmi varye anfonksyon kote biznis lan ye a ak nati sèvis li bay yo. Jere yon biznis san lisans yo egzije a kapab fè w al nan peye amand. Sa ka lakòz biznis ou an fèmen oubyen lòt konsekans lalwa resève yo. W ap jwenn yon lis ajans Eta yo ak biznis yo regilarize yo nan *Anèks A*.

Nan Diksyonè Anglè Oxford lan (Oxford English Dictionary), youn nan definisyon mo “business” se “yon operasyon oubyen entrepriz komèsyal.” Epitou, yon “pwofesyon” se “yon metye ki peye, espesyalman yon metye ki mande yon fòmasyon pwolonje ak yon kalifikasyon fòmèl.” Diferans sa a vin enpòtan lè w ap fè demand yon lisans nan Eta a.

Anvan w ouvri yon biznis, ou ta dwe konnen bagay sa yo:

Lisans pou Biznis

Eta Florida te kreye Pòtay Enfòmasyon sou Biznis lan pou gide w nan pwosesis pou konnen ki ajans nan Florida ki ka regilarize biznis ou an. Pòtay la pra l bay yon lis lisans, pèmi ak anrejistreman ki nesèsè pou demare yon biznis nan Florida.

Ale sou sitwèb www.OpenMyFloridaBusiness.gov pou jwenn plis enfòmasyon.

Lisans Pwofesyonèl

(Tankou yon egzijans pou jwenn Lisans pou Biznis)

Anplis lisans ak pèmi biznis nesèsè yo, anpil lisans pou biznis bezwen itilize sèvis yon pwofesyonèl ki gen lisans pou yo kalifye pou gen jwenn lisans lan. Pa egzanp, pou jwenn yon lisans pou yon kabinè medikal, ou dwe gen yon doktè nan pèsònèl la ki genyen lisans Eta a ba li.

Lisans Pwofesyonèl

(San Egzijans pou Jwenn Lisans pou Biznis)

Anpil antrepriz nan Florida pa bezwen yon lisans pou ouvri, men yo bezwen yon lisans yon pwofesyonèl pou fonksyone legalman. Pa egzanp, yo pa egzije yon lisans pou yon biznis ki fè enspeksyon kay. Men, ou dwe genyen yon enspektè kay ki genyen lisans nan pèsònèl la pou w ka fonksyone legalman. Si w wè biznis ou an pa bezwen yon lisans Eta a bay, tanpri verifye si biznis ou an pa bezwen yo pwofesyonèl ki gen lisans nan pèsònèl li a.

Sètifikasyon, Òganizasyon ak Akreditasyon Pwofesyonèl

Yon sètifikasyon se yon dokiman ofisyèl ki ateste yon estati oubyen nivo akonplisman. Akreditasyon se yon tip sètifikasyon ki di yon biznis te respekte kritè yon òganis ekstèn mete. Tankou egzanp ki sot bay yo, kèk lisans biznis mande pou genyen yon anplwaye ki gen sètifikasyon oubyen akreditasyon nan domèn patikilye a nan kad pwosesis pou jwenn lisans lan. Pandan gen kèk pwofesyon ki pa mande yon lisans pou fonksyone legalman, Eta a ak anpil patwon egzije oubyen prefere pou w sètifye oubyen pou w se manm nan òganizasyon pwofesyonèl nan domèn aktivite konsène a pou w fonksyone. Kòm egzanp, avoka yo dwe pase egzamen bawo a (egzamen leta a) epi fòk yo entegre Bawo Florida a pou yo otorize yo pratike dwa nan Eta sa a.

Pa Genyen Egzijans Eta pou Lisans

Kèk biznis nan Florida yo ka pa bezwen lisans oubyen yon lisans pwofesyonèl pou ouvri legalman epi fonksyone. Si biznis ou an ta tonbe nan kategori sa a, yo pra l egzije w pou anrejistre konpayi w lan bòkote Depatman Deta, pran EIN ou an nan men Sèvis Revni Entèn (IRS), peye Depatman Revni an taks Eta yo epi pliye anba egzijans taks lokal yo ak egzijans pou jwenn lisans yo.

Bezwen Pèmi Eta Yo Aprè Fin Kòmanse Biznis

Anplis egzijans yon lisans Eta a bay la pou ouvri biznis ou an, anpil ajans Eta yo egzije pèmi pou yon biznis reyalize yon travay oubyen yon pwojè nan kad operasyon yo fè chak jou yo. Pa egzanp, anplis lisans pou biznis yo an, konpayi ki regle zafè asansè yo dwe fè demand pèmi nan men Biwo Sekirite nan Asansè (Bureau of Elevator Safety) pou yo chanje oubyen enstale asansè yo nan Eta Florida a. Ou pa p jwenn enfòmasyon sou pèmi sa yo anba Pòtay Enfòmasyon sou Biznis nan Florida a, tanpri asire ou wè avèk ajans Eta ki apwopriye a pou w ka jwenn tout pèmi nesèsè yo epi kontinye fè biznis ou an fonksyone avèk siksè.

Deklarasyon Pwodwi Chimik Danjere

Si biznis ou an manipile matyè danjere ki tonbe anba egzijans pou yo deklare I anba Nivo II selon atik 312 lalwa sou Emergency Planning and Community Right-to-Know 1986 lan, yo pral mande w pou anrejistre chak ane bòkote Komisyon Repons Ijans Eta Depatman Jesyon Ijans Florida an (Florida Department of Emergency Management's State Emergency Response Commission).

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb

<https://www.floridadisaster.org/dem/response/technological-hazards/>

EGZIJANS ADMINISTRASYON LOKAL YO

Tanpri wè avèk administrasyon lokal ou (Konte ak vil/minisipal) pou jwenn yon lis lisans ak pèmi lokal ki egzije yo pou kòmanse yon biznis. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan:

The Florida Association of Counties at

<https://www.fl-counties.com/>,

The Florida League of Cities at

<https://www.floridaleagueofcities.com/>, or

The Florida Small Business Development Center Network

at <https://floridasbdc.org/>.

EGZIJANS FEDERAL NAN ZAFÈ LISANS POU BIZNIS

Pandan pifò biznis yo pa bezwen yon lisans oubyen pèmi federal, gen kèk ki bezwen I. Men yon lis aktivite komèsyal ki bezwen siveyans federal:

Agrikilti

Si w enpòte oubyen transpòte bèt, pwodwi animal, pwodwi biyologik, biyoteknoloji oubyen plant sòti nan yon Eta pou ale nan yon lòt, ou ka bezwen mande yon pèmi nan men Depatman Agrikilti Ameriken an (U.S. Department of Agriculture, USDA) .

Bwazon Alkolik ak Pwodwi ki fèt avèk Tabak yo

Si w fè, vann an gwo, enpòte oubyen vann bwason ki gen alkòl yon kote ki vann an detay, ou ka bezwen anrejistre biznis ou an pou jwenn sèten pèmi federal (pou rezon fiskal) bòkote Biwo Taks Sou Alkòl ak Tabak epi Komès Depatman Trezò Etazini (U.S. Treasury's Alcohol and Tobacco Tax and Trade Bureau, TTB).

Aviyasyon

Si biznis ou an okipe zafè avyon oubyen transpò machandiz oubyen moun anlè oubyen fè mantenans nan avyon, ou ka bezwen fè yon demand lisans bòkote Administrasyon Federal Aviyasyon (Federal Aviation Administration).

Lapèch Komèsyal

Si biznis ou an fè lapèch komèsyal, ou ka bezwen jwenn yon lisans pou fè aktivite lapèch sa a nan men Sèvis Lapèch NOAA an (National Oceanic and Atmospheric Administration).

Fabrikasyon Medikaman

Si biznis ou an fè medikaman, ou ka bezwen yon lisans nan men Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an (Food and Drug Administration, FDA)

Zam, Bal ak Eksplozif

Si w fè, vann oubyen enpòte zam, bal oubyen eksplozif, ou ka bezwen mande youn oubyen plis lisans nan men Biwo Alkòl, Tabak, Zam ak Eksplozif (Bureau of Alcohol, Tobacco, Firearms and Explosives, ATF)

Lapèch ak Espas Natirèl

Si biznis ou an patisipe nan nenpòt aktivite ki gen rapò avèk espas natirèl la, epi tou ou enpòte/ekspòte bèt sovaj ak pwodwi ki sòti ladan yo, ou ka bezwen jwenn yon pèmi apwopriye nan men Sèvis Lapèch ak Espas Natirèl Etazini (U.S. Fish and Wildlife Service).

Transpò sou tè ak Lojistik

Si ou menm oubyen biznis ou an fè transpò sou tè, sou wout oubyen kondwi yon veyikil ki gwo ak lou anpil, Depatman Transpò Etazini (U.S. Department of Transportation) an ki genyen enstriksyon jeneral sou wotè maksimòm lan, pral regilarize w. Depatman Transpò Florida a bay pèmi pou veyikil ki gwo ak lou anpil yo.

Konsèy sou Investisman

Si biznis ou an bay sèvis konsèy sou investisman, ou ka bezwen yon lisans nan men Komisyon Ameriken Tit ak Bous (U.S. Securities and Exchange Commission, SEC).

Transpò Maritim

Si w fè transpò sou lanmè oubyen fasilite transpò machandiz sou lanmè, ou ka bezwen fè demand yon lisans nan men Komisyon Federal Maritim nan (Federal Maritime Commission).


Travay nan Min ak Foraj

Si biznis ou an nan zafè fouye chèche gaz natirèl, petwòl oubyen lòt resous mineral yo sou teritwa federal yo, yo ka egzije w jwenn yon pèmi pou fè foraj nan men Biwo Jesyon, Regilasyon ak Aplikasyon Enèji Lanmè yo (Bureau of Ocean Energy Management, Regulation, and Enforcement) (anvan se te Sèvis Jesyon Mineral li te rele).

Radyodifizyon ak Teledifizyon

Si biznis ou an difize enfòmasyon pamwayen radyo, televizyon, rezo, satelit ak kab, ou ka bezwen yon lisans nan men Komisyon Federal Kominikasyon (Federal Communications Commission, FCC).

Pou jwenn plis enfòmasyon, li rekòmande pou w ale sou sitwèb ajans ki la pou sa a.



ASIRANS



Jwenn pi bon plan asirans lan oubyen plan pou pwoteje biznis ou an se youn nan kokennchenn desizyon ou pral genyen pou pran avan w ouvri oubyen jere biznis ou an. Pou konnen ki asirans biznis ou an bezwen, ou pral bezwen revwa egzijans pwopriyete w la, risk yo ak lòt biznis yo. Sa yo se tip asirans pwopriyetè biznis yo ta dwe konsidere.

ASIRANS POU DEDOMAJE TRAVAYÈ YO

Lalwa Florida egzije pwopriyetè biznis yo pou yo genyen anplwaye pou yo ka kenbe tip asirans sa a. Asirans dedomajman travayè yo bay avantaj medikal epi li ranplase salè anplwaye ki blese nan pye travay yo. Egzijans pwoteksyon espesifik Eta yo baze sou tip biznis, kantite anplwaye yo ak estrikti biznis lan.

Kèk nan sektè espesifik ki gen egzijans asirans dedomajman travayè yo se:

Sektè Konstriksyon an — Youn oubyen plis anplwaye, epi tou pwopriyetè biznis, ki se dirijan oubyen manm sosyete anonim yo.

Sektè ki Pa Nan Konstriksyon — Youn oubyen plis anplwaye, ak tou pwopriyetè biznis, ki se dirijan oubyen manm sosyete anonim yo.

Sektè Agrikilti a — Sis anplwaye regilye ak/oubyen 12 travayè sezon ki travay pandan plis pase 30 jou pandan yo sezon men pa plis pase yon total 45 jou nan yon ane sivil.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou asirans dedomajman travayè yo sou sitwèb Depatman Sèvis Finansye, Divizyon Dedomajman Travayè Florida (Florida Department of Financial Services, Division of Workers' Compensation) <https://www.myfloridacfo.com/division/wc/>.

ASIRANS OTOMOBIL KOMÈSYAL

Si biznis ou an genyen, lwe oubyen jere veyikil-a-motè yo ou dwe genyen pwoteksyon asirans otomobil komèsyal. Pwoteksyon otomobil komèsyal la tankou pwoteksyon asirans otomobil pèsònèl la. Nan pifò kontra asirans yo genyen pwoteksyon pou machin biznis ou an, ak tou pwoteksyon responsabilite pou domaj yon anplwaye lakòz pandan l ap kondwi machin biznis ou an. Si w ap itilize pwòp machin ou pou regle zafè konpayi an, ou ta dwe rewè kontra asirans ou an avèk asirè ou an paske asirans lan ka pa kouvri itilizasyon l pou biznis lan selon kondisyon polis pèsònèl ou an.

ASIRANS RESPONSABILITE KOMÈSYAL JENERAL

Asirans responsabilite komèsyal jeneral la garanti defans ou devan lajistis nan plizyè ka epi li pwoteje biznis ou an kont pèt lajan akòz blesi, lanmò, blesi ki gen rapò avèk reklam oubyen domaj pwodi w yo, operasyon komèsyal ou yo oubyen anplwaye w yo koze.

ASIRANS RESPONSABILITE PWOFEZYONÈL

Asirans responsabilite pwofesyonèl la garanti reklamasyon ki sòti nan pratik ilegal doktè, avoka oubyen lòt pwofesyonèl yo fè.



ASIRANS BYEN YO

Asirans byen yo bay pwoteksyon pou byen imobilye oubyen pèsònèl yo ak byen materyèl ki pèdi oubyen yon katastwòf te domaje. Genyen twa (3) kategori prensipal asirans byen:

Danje ki Nonmen Bay pwoteksyon pou pèt evènman espesifik yo, tankou dife, lafimen ak eksplozyon lakòz yo.

Pwoteksyon Konplè – Bay yon pwoteksyon laj pou tout danje yo sof sa yo ki espesyalman liste nan polis ou an.

Asirans Tanpèt Van – Bay pwoteksyon pou pèt tanpèt van ak lagrèl lakòz. Silkòn ak tònad yo se tip tanpèt van asirans tanpèt van an kouvri.

ASIRANS KONT INONDASYON

Asirans kont inondasyon an garanti pèt biznis lan pou domaj inondasyon yo lakòz sou pwopriyete biznis ou an. Inondasyon se yon gwo danje nan Florida akòz pozisyon jewografik li epi jan l prè lanmè a, alafawa anndan tè a e sou kòt yo. Yo achte asirans pou garanti danje sa a apa. Yon vas majorite asirans kont inondasyon an regilarize nan nivo federal epi bay atravè Pwogram Nasyonal Asirans Kont Inondasyon (National Flood Insurance Program, NFIP). Pwogram sa a se Ajans Federal Jesyon Sitiyasyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA).

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb <https://www.floodsmart.gov/> .

ASIRANS REVNI POU BIZNIS

Asirans revni pou biznis lan (pafwa yo rele asirans entèripsyon aktivite) bay pwoteksyon si biznis ou an fè yon pèt revni akòz katastwòf natirèl. Tip asirans sa a ranbouse nòmalman pwopriyetè biznis lan pèt revni yo, kòb lwaye a, salè yo, benefis nèt yo, frè eksplwatasyon ak pèt byen yo lè evènman ki garanti yo lakòz operasyon komèsyal nòmal yo sispann.

ASIRANS VI POU BIZNIS

Asirans vi pou biznis lan pwoteje yon biznis oubyen fanmi yon pwopriyetè biznis kont pèt finansyè lanmò yon moun ki asosye avèk biznis lan.

ASIRANS KAGO AK TRANSPÒ

Asirans kago ak transpò garanti machandiz oubyen pwodwi konpayi w lan pandan yo an tranzit nan bato, kamyon, tren, avyon, eksetera.

ASIRANS KONT PIRATAJ ENFÒMATIK

Sekirite enfòmasyon lan enpòtan pou biznis k ap jere enfòmasyon sansib oubyen sekrè yo. Pwosè k ap fèt akòz pirataj enfòmasyon yo kapab chè anpil pou konpayi ki nan zafè teknoloji yo ak tou lòt biznis yo ki kenbe ak jere enfòmasyon pèsònèl sou kliyan oubyen yo. Asirans kont pirataj enfòmasyon lan (yo rele tou asirans responsablite sibènètik) kapab ede ranbouse biznis yo si ta gen atak sekirite enfòmasyon oubyen fwit enfòmasyon yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon asirans yo, tanpri ale sou sitwèb the Florida Office of Insurance Regulation's website <https://floiir.gov/>





REKRITMAN ANPLWAYE

Si biznis ou an ap mache oubyen devlope rapid, men ou gen difikilte pou kenbe l konsa, li petèt lè pou rekrite kèk moun pou ede w. Etap anba yo kapab ede w kòmanse pwosesis rekritman an ak verifye si w respekte règleman federal ak Eta yo.

JWENN YON NIMEWO IDANTIFIKASYON PATWON (EMPLOYER IDENTIFICATION NUMBER, EIN)

Anvan w rekrite premye anplwaye w lan, ou bezwen yon nimewo idantifikasyon patwon (EIN) nan men Sèvis Revni Entèn Etazini (IRS). EIN ou an nesèsè pou deklare enpo yo bay IRS ak deklare enfòmasyon anplwaye yo bay ajans Eta yo. Gen plis detay sou EIN lan nan seksyon anvan an sou zafè taks yo.

KREYE ACHIV PRELÈVMAN TAKS YO

Daprè IRS, ou dwe genyen achiv enpo sou anplwa yo pandan pou pi piti 4 lane. Konsève achiv yo ka ede w siveye jan biznis ou an ap pwogrese, prepare eta finansye yo, identifye sous resi yo, swiv depans dediktib yo, prepare deklarasyon revni w yo ak apiye bagay ki deklare nan fòm deklarasyon revni an.

Si w genyen anplwaye, anba a genyen kokennchenn konsiderasyon sa yo pou biznis ou an:

Prelèvman Enpo Federal – Chak anplwaye dwe bay patwon an yon sètifika egzansyon prelevman (withholding exemption certificate), Fòm W-4, nan oubyen anvan dat travay la. Patwon an dwe answit remèt IRS fòm W-4 lan.

Deklarasyon Fiskal ak Sètifika Salè Nan Nivo Federal – Chak ane, patwon yo dwe deklare bay administrasyon federal lan salè yo peye ak enpo yo retire pou chak anplwaye. Pou yo fè sa, yo dwe depoze fòm W-2, deklarasyon fiskal ak sètifika salè. Patwon yo dwe ranpli yon fòm W-2 pou chak anplwaye yo peye yon salè oubyen lòt fòm salè.

Deklarasyon Sekirite Sosyal – Patwon yo dwe voye yon Kopi A fòmilè W-2 yo bay Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration) anvan dènye jou nan mwa Fevriye a pou deklare salè ak enpo anplwaye yo pou ane sivil ki sot pase a. Anplis, patwon yo dwe voye plizye kopi fòmilè W-2 yo bay anplwaye yo anvan 31 Janvyè peryòd deklarasyon ki vini aprè a.

VERIFIKASYON ELIJIBILITE ANPLWAYE

Lalwa federal la egzije patwon yo pou verifye si anplwaye an elijib pou li travay nan Etazini. Patwon yo verifye si anplwaye yo fenk rekrite yo elijib pou travay lè l enskri sou sitwèb E-Verify la Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini esponsorize (U.S. Citizenship and Immigration Services). Pou jwenn resous sa a, tanpri ale sou <https://www.e-verify.gov/>.

ENSKRI NAN PWOGRAM DEKLARASYON NOUVO REKRITMAN FLORIDA A (FLORIDA'S NEW HIRE REPORTING PROGRAM)

Tout patwon yo gen egzijans pou deklare anplwaye yo fenk rekrite yo, anplwaye yo re-rekrite yo ak anplwaye pwovizwa yo bay Depatman Revni Florida a (Florida Department of Revenue, DOR) nan yon delè 20 jou aprè dat yo kòmanse oubyen rekòmanse travay la.

Ale sou sitwèb Sant Deklarasyon Nouvo Rekrutman DOR la (DOR New Hire Reporting Center) <https://servicesforemployers.floridarevenue.com/Pages/home.aspx> pou w jwenn plis enfòmasyon.



JWENN ASIRANS KONPANSASYON TRAVAYÈ YO

Tankou nou te wè l' deja nan seksyon anvan an sou zafè asirans lan, dedomajman travayè yo se yon tip asirans yon patwon achte ki bay anplwaye li yo plizyè avantaj si gen aksidan ki gen rapò avèk travay la ki rive. Lalwa Florida egzije tout patwon pou achte asirans dedomajman travayè.

Pou ka jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb Depatman Sèvis Finansyèl, Divizyon Dedomajman Travayè Florida (Florida Department of Financial Services, Division of Workers' Compensation)
<https://www.myfloridacfo.com/division/wc/>

Avi Yo Egzije Anvan Yo

Patwon yo gen egzijans pou yo afiche sèten afich nan yon zòn yo ka wè fasil nan travay la pou bay anplwaye yo enfòmasyon sou dwa yo ak responsabilite patwon yo selon lalwa federal ak Eta yo sou travay. Nan avi lalwa federal ak Eta a egzije yo genyen:

- Afich Salè Minimòm nan Florida
- Afich Uniformed Services Employment and Reemployment Right Act la (lwa ki pèmèt anplwaye a jwenn oubyen rejwenn travay aprè sèvis militè)
- Afich Lalwa Depatman Travay Etazini (U.S. Department of Labor FirstStep Poster Advisor)
- Afich Lalwa sou Konje Familyal ak Medikal (Family and Medical Leave Act (FMLA) Poster)
- Afich Lalwa sou Nòm Travay Ekitab yo Salè Minimòm (Fair Labor Standards Act (FLSA) Minimum Wage Poster)
- Sekirite ak Sante nan Travay: Se Afich Lalwa
- Lalwa nan Florida Entèdi Afich Diskrimasyon
- Afich Lalwa sou Pwogram Èd pou Rejwenn Travay Florida a

Pou ka jwenn plis enfòmasyon epi pou jwenn afich ou ka telechaje sou entènèt yo, tanpri ale sou sitwèb Depatman Opòtinite Ekonomik Florida (Florida Department of Economic Opportunity, DEO)
<https://floridajobs.org/business-growth-and-partnerships>.

ARANJE W POU RETE ENFÒME

Yon bon patwon se pa sèlman ranpli divès obligasyon fiskal ak fè deklarasyon yo. Kenbe yon espas travay ki sen ak ekitab, bay anplwaye yo avantaj ak enfòmasyon sou politik konpayi w la se kle pou siksè biznis ou an.

METE ANPLAS YON SISTÈM POU KENBE DOSYE

Anplis egzijans ki fèt pou konsève dosye anplwaye w yo pou rezon fiskal, kèk lwa federal sou travay egzije tou pou konsève dosye sou anplwaye w yo. Pwen sa yo mete aksan sou lòt egzijans deklarasyon federal yo:

- Konsèy nan zafè Konsève Dosye Fiskal yo
- Egzijans nan zafè Konsève Dosye Travay yo
- Respè Lalwa Sou Sekirite ak Sante nan Travay
- Gid sou Lalwa sou Travay (chapit avantaj anplwaye yo)
- Aplike Nòm yo ki Pwoteje Dwa Anplwaye yo
- Respekte nòm ki gen pou wè avèk dwa anplwaye yo nan zafè egalite chans ak nòm travay ekitab yo se yon egzijans. Swiv lwa ak règleman yo pou salè minimòm nan, lè travay anplis yo ak travay timoun yo ka ede w anpeche erè ak pwosè lajistis yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb
<https://www.sba.gov/business-guide/business-guide/manage-your-business/hire-manage-employees>.



Fè Kontra avèk administrasyon Eta a

Depatman Sèvis Jesyon Florida (Department of Management Services, DMS) travay kòtakòk avèk sektè biznis lan pou l bay yon pwosesis ouvè ki gen konpetisyon pou fè biznis nan Eta Florida.

Sitwèb DMS lan bay yon komèsan ki vle fè biznis nan Eta Florida a anpil enfòmasyon ak resous. MyFloridaMarketPlace (MFMP) se sistèm kontra acha Eta a sou entènèt ki konekte ajans Eta yo avèk komèsan ki anrejistre yo.

Lè w enskri nan MFMP sou

<https://vendor.myfloridamarketplace.com>, avantaj yo se:

- W ap kapab enskri tèt ou pou kenbe kont komèsan w pandan w ap itilize Pòtay Enfòmasyon Komèsan an (Vendor Information Portal, VIP)
- W ap kapab resevwa anons Eta Florida yo sou opòtinite afè yo sou imèl ou.
- W ap genyen aksè avèk opòtinite afè yo grasa MFMP Sourcing ak Vendor Bid System (VBS) lan;
- Livrezon elektwonik kòmand; ak
- Fakti pou verifye pi rapid nan yon peryòd tan.

MFMP ofwi fòmasyon gratis pou komèsan ki enterese yo sou yon pakèt sijè. Ale sou

<https://vendor.myfloridamarketplace.com/> pou w ka jwenn plis enfòmasyon.


Èd Eta a pou Fanm, Veteran ak Minorite ki Genyen Biznis yo

Biwo Divèsite Founisè (The Office of Supplier Diversity, OSD) a geyen ladan l yo ekip espesyalize ki sou zòd Divizyon Acha Piblik DMS la k ap chèche ogmante opòtinite komèsyal pou fanm, veteran ak minorite ki gen biznis nan Florida yo. Si youn nan gwoup moun sa yo posede biznis ou an, OSD:

- Ap ede w jwenn sètifikasyon ak resètifikasyon aplikab nan Eta a;
- Defann biznis ou an;
- Planifye, òganize ak apiye aktivite ki vize gwoup demografik ou an; ak
- Bay pwofesyonèl piblik yo resous pedagogik ak lòt resous yo pou ede ogmante itilizasyon biznis sa yo nan mache piblik Eta a ak administrasyon lokal yo ap pase.

Pou w ka jwenn plis enfòmasyon sou Office of Supplier Diversity ak misyon li, tanpri ale sou sitwèb OSD an https://www.dms.myflorida.com/agency_administration/office_of_supplier_diversity_osd.





ADMINISTRASYON TI BIZNIS ETAZINI (SMALL BUSINESS ADMINISTRATION)

Administrasyon Ti Biznis Etazini an (SBA) se yon ajans federal ki bay ti biznis nan Etazini konsèy ak èd. SBA an ede pwopriyetè biznis yo kòmanse ak jere ti biznis yo ak tou moun sa yo ki entèrese mete sou pye ak grandi biznis yo. SBA a:

- bay fòmasyon sou entènèt pou ede antreprenè yo ouvri biznis yo;
- bay sant lokal yo konsèy ak ankadreman nan tout Etazini;
- bay zouti konplè yo pou ede antreprenè yo ak pwopriyetè ti biznis yo fè rechèch, planifye, finanse ak ouvri biznis yo;
- bay pwopriyetè biznis ki elijib yo prè, garanti ak sibvansyon; ak
- bay biznis yo ki vle fè kontra avèk gouvènman an plizyè resous.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou SBA an ak resous li yo, tanpri ale sou sitwèb <https://www.sba.gov/>.

REZO SANT DEVLOPMAN TI BIZNIS

Rezo Sant Devlopman Ti Biznis (SBDC) se sèl founisè ki bay sèvis nan zafè devlopman antreprenaryal ak biznis nan tout Eta a. Lè l ede antreprenè yo nan chak etap sik lavi biznis yo a, SBDC jwe yon kokennchen wòl devlopman ak siksè ekonomik Eta Florida.

Nouvo oubyen pwopriyetè biznis ki la deja yo kapab grandi biznis yo nan pran avantaj sèvis konsiltasyon pwofèsyonèl konfidansyèl ak gratis SBDC bay lan ki genyen ladan l: elaborasyon plan biznis ak estrateji, etid mache, analiz finansyè, planifikasyon estratejik, jwenn kapital ak prè yo ak devlopman kwasans revni yo. SBDC a bay tou mwayen pou jwenn plis pase 1 000 atelye ak seminè chak ane ki bay enfòmasyon resan ak pratik sou yon pakèt sijè ki gen pou wè avèk biznis.

W ap jwenn aksè avèk done ak enfòmasyon sou ti biznis ak mwayen biznis yo atravè afilyasyon ak patenarya avèk enstitisyon ansèyman siperyè yo, bazdedone pwofèsyonèl yo, resous ak zouti rechèch komèsyal ki pa aksesib pou pwopriyetè ti biznis ak biznis tay mwayen yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb Rezo Sant Devlopman Ti Biznis Florida a <https://floridasbdc.org/>.

ENTERPRISE FLORIDA

Enterprise Florida, Inc. (EFI) se yon patenarya piblik-prive ant moun k ap jere biznis yo ak dirijan nan administrasyon yo e li se prensipal òganizasyon devlopman ekonomik nan Florida. EFI a gen pou misyon devlope ak divèsifye ekonomi Eta a nan kreyasyon djòb. Nan kad misyon li, EFI travay kòtakòt avèk yon rezo patnè ki nan zafè devlopman ekonomik nan tout Eta a. Se Eta Florida ak biznis nan sektè prive yo ki finanse li. Anplis, sitwèb EFI a bay plizye zouti pou jwenn kote biznis yo ye nan zòn ou an. Zouti sa yo pral ogmante chans pou reyisi.

Sèvis Biznis Minorite ak Ti Biznis, Antreprenarya ak Kapital EFI a konekte avèk òganizasyon ki deyò yo pou bay ti biznis, biznis gwoup minorite yo ak antreprenè yo posibilite pou jwenn fòmasyon, finansman epi pou yo devlope. EFI genyen yon gwo rezo resous etatik, federal ki pa la pou fè kòb. Rezo sa a prè pou ede ti biznis yo jwenn kapital, antre nan mache yo, fè kwasans revni ak kreye djòb.

Ale sou sitwèb <https://www.floridajobs.org/> pou jwenn plis enfòmasyon.

DEPATMAN OPÒTINITE EKONOMIK (DEPARTMENT OF ECONOMIC OPPORTUNITY)

Eta Florida pran angajman pou l ogmante konpetitivite l nan lemonn pou li tounen yon kote moun vini pou biznis, jwenn kapital, talan, pou inove ak antreprann. Depatman Opòtinite Ekonomik (DOE) itilize ekspètiz sektè piblik ak prive a pou l atire, kenbe ak ogmante biznis ak kreye djòb nan Florida. Li bay tou resous valab yo pou biznis yo ak antreprenè yo, ede rekrite travayè yo ak enfòmasyon estatistik sou biznis yo ak travay nan Florida. Li posib pou biznis ou an kalifye pou divès èd Eta yo oubyen administrasyon federal la ki gen ladan yo sa yo:

Pwogram Kredi Enpo pou Kontribisyon nan Kominote (Community Contribution Tax Credit Program)

Pwogram sa a bay èd finansyè (kòb) (jiska 50 pousan kredi enpo oubyen ranbouseman taks sou lavant yo) pou ankouraje biznis yo fè don ki prale nan devlopman kominote a ak projè lojman pou moun ki genyen revni fèb yo. Li fasil pou yon biznis resewva kredi enpo an. Biznis nenpòt kote nan Florida ki fè don bay projè devlopman kominotè aprouve yo ka resewva yon kredi enpo jiska 50 pousan valè don an.

Pwogram Zòn Entrepriz Florida (Florida Enterprise Zone Program)

Pwogram sa a bay biznis ki chwazi kreye djòb nan limit yon zòn antrepriz, ki se yo zòn jewografik espesifik yo vize pou revitalizasyon ekonomik, yon chaj konsiderasyon fiskal. Nan detay pwogram sa a genyen yon kredi enpo ak sou lavant, ranbouseman taks pou machin ak materyèl ki itilize yo nan yon zòn antrepriz lan, ranbouseman taks sou lavant pou konstriksyon materyèl ki itilize nan yon zòn antrepriz ak egzansyon taks sou lavant pou kouran elektrik ki itilize nan yon zòn antrepriz.

Pwogram Garanti Prè pou Devlopman Ansyen Zòn Endistriyèl (Florida's Brownfield Area Loan Guarantee Program)

Pwogram sa a se jis youn nan avantaj ki disponib pou moun ki devlope ansyen zòn endistriyèl yo. Yon ansyen zòn endistriyèl (brownfield) se yon pwopriyete elajisman li, redevlopman li oubyen retilizasyon li ka konplike akòz prezans oubyen prezans posib yon sibstans danjere, polyan oubyen kontaminan. Garanti prè limite Eta a aplike sèlman pou 50 pousan prè moun ki prete a pou pwojè redevlopman yo nan zòn ki gen ansyen zòn endistriyèl yo avèk 2 eksepsyon pou etablisman sante ak lojman abòdab yo, akondisyon yo reponn avèk lòt kritè yo: 1) Depatman Pwoteksyon Environmantal Florida - Pwogram Redevlopman Ansyen Zòn Endistriyèl yo ak (2) Asosiyasyon pou Ansyen Zòn Endistriyèl Florida yo (Florida Department of Environmental Protection - Brownfields Redevelopment Program and (2) Florida Brownfields Association).

Pwogram Devlopman Nouvo Mache Florida (Florida New Markets Development Program)

Pwogram sa a ankouraje investisman kapital nan kominote riral ak iben ki gen revni fèb yo. Li pèmèt kontribyab yo rasanble kredi sou kèk taks espesifik nan investi nan plizyè antite kalifye ki nan zafè devlopman kominotè. Antite sa yo fè investisman nan biznis ki nan kominote ki genyen revni fèb yo. Biznis sa yo menm kreye ak kenbe plizyè djòb.

GrowFL

Pwogram Èd Teknik Jadinaj Rantab (Florida's Economic Gardening Technical Assistance Program), GrowFL, founi strateji, resous ak sipò bay konpayi ki nan dezyèm faz demaraj yo pou yo ka pase nan pwochen etap kwasans. Lè l sipòte konpayi yo nan fè Rechèch Estratejik ak Aprantisaj egal-a-egal PDJ, GwowFL ede konpayi yo janbe obstak yo ki anpeche kwasans. Li fè yo pwospere. Selon filozofi Jadinaj Rantab lan, pou w ka grandi plizyè ki egziste yo nan yon kominote, rejyon oubyen Eta, GrowFL nan University of Central Florida a se yon kokennchen eleman pou strateji devlopman ekonomik Eta a ak ekosistèm antreprenaryal Florida.

Èd pou Minorite ki Gen Biznis

Florida ede devlope ak elaji antrepriz ki pou minorite yo nan evalye bezwen pou kapital ki pa satisfè yo, nou bay èd teknik ak nan kreye patenarya ant Eta a ak administrasyon lokal yo ak antrepriz prive yo pou ede devlopman biznis. Chèche konnen plis enfòmasyon sou Pwogram Prè pou Biznis Moun Nwa (Black Business Loan Program) ak lòt resous ki disponib pou biznis minorite yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Black Business Loan nan, tanpri ale sou sitwèb DEO <https://floridajobs.org/community-planning-and-development/Business-Resources/Small-and-Minority-Business-Programs>.

Pwogram Rechèch ak Devlopman Kredi Enpo (Research and Development Tax Credit Program)

Florida founi yon kredi enpo sou revni gwo biznis yo bay biznis ki sible yo nan sektè a ki fè depans pou rechèch nan Florida. Kredi Enpo sou Revni Gwo Biznis nan Florida a depann, amwatye, de biznis ki elijib lan pou resevwa kredi enpo federal pou fè rechèch ak devlopman. Demand pou bay kredi disponib pou kredi enpo pou fè rechèch ak devlopman nan Eta a ka fèt chak ane nan mwa Mas.



Pwogram Kredi Enpo pou Djòb Riral ak Iben (Rural and Urban Job Tax Credit Programs)

Pwogram sa yo bay biznis elijib yo ki lokalize nan limit youn nan 36 zòn riral yo chwazi oubyen nan limit youn nan 13 zòn riral yo chwazi yo ankourajman pou yo kreye djòb.

Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta (State Small Business Credit Initiative)

Nan pwogram sa yo genyen Program Aksè avèk Kapital Florida, Pwogram Kapital Risk Florida ak Pwogram Sipò Prè pou Ti Biznis yo (the Florida Capital Access Program, Florida Venture Capital Program and the Small Business Loan Support Program). Yo bay ti biznis nan FLorida yo aksè nan finansman dèt ak kapital risk ki ka pa disponib yon lòt kote.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb DEO <https://www.floridajobs.org/>.





Lotri Florida

Lejislati Florida a te mete Lotri Florida a sou pye an 1987 pou ogmante revni pou amelyore edikasyon piblik nan eta a epi pou pèmèt rezidan yo jwe pi bon jwèt lotri ki disponib yo.

Lotri Florida a bay tout moun ki jwe plezi ak eksitasyon, avèk nouvo jwèt, pi gwo prim ak plis gayan. Vann tikè Lotri Florida kòm revandè kapab pote yon dimansyon nouvo ak enteresan nan biznis ou. Revandè yo touche yon komisyon sou chak tikè yo vann. Yo kapab tou touche lajan anplis atravè plizyè pwogram ankourajman lavant.

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon pou w konnen kijan pou vann lotri (bòlèt) an detay pou Lotri Florida a, tanpri al gade nan sitwèb <https://floralottery.com/business/retailers>.

Preparasyon ak Relèvman si ta gen Katastwòf

Divizyon Jesyon Ijans Florida (Florida Division of Emergency Management) a travay avèk sitwayen Florida yo pou asire l Eta a pare pou l bay repons nan sityasyon ijans yo, rekipere aprè ijans yo ak minimize enpak yo. Divizyon an bay repons avèk e planifye pou katastwòf natirèl ak katastwòf lèzòm kreye sòti nan ouragan ak inondasyon yo rive nan vide matyè danjere yo. Devizyon an rekòmande tout nouvo biznis yo pou devlope ak konsève yon plan biznis lan pou si ta gen katastwòf. Li ta dwe genyen sa yo:

- Yon lòt lokal pou mete biznis ou an si li ta genyen sibi dega;
- Yon lis kontra enpòtan biznis lan, ak tou chaj yo founisè, anplwaye yo, eksetera;
- Achiv ak dokiman enpòtan biznis ou an bezwen pou fonksyone yo ak
- Kontak ijans anplwaye w yo ak resous biznis ou an bezwen lè gen katastwòf.

Prepare pou yon katastwòf anavans kapab fè biznis ou an leve kanpe pi fasil si ta genyen katastwòf. Divizyon an bay yon zouti sou entènèt ki kapab ede w kreye plan w lan nan <https://www.floridadisaster.org/planprepare/>.



Gid Referans Rapid pou Ouvri yon Biznis nan Florida

ANREJISTRE BÒKOTE DEPATMAN DETA (DOS)

Estrikti Biznis lan

Deside estrikti pou biznis ou an (pa egzanp, si l se antrepriz endividyèl, patenarya, sosyete anonim, sosyete, eksetera).

Anrejistre biznis ou an sou sitwèb <https://dos.myflorida.com/sunbiz/forms/>

Non Biznis lan

Lalwa Florida a egzije pou pifò non biznis yo kapab distenge. Ale verifye sou Division of Corporations nan <https://dos.fl.gov/sunbiz/search/> pou chèche konnen si gen moun ki deja ap itilize non ou lve bay biznis ou a. Tout moun ak biznis k ap fonksyone sou yon fo non “fè biznis sou non” dwe fè yon deklarasyon pou itilize fo non an. Ale sou sitwèb Division of Corporations lan pou konnen si w dwe anrejistre yon fo non.

Anrejistre fo non w lan nan

<https://dos.fl.gov/sunbiz/start-business/efile/fl-fictitious-name-registration/>.

ANREJISTRE BÒKOTE SÈVIS REVNI ENTÈN (IRS)

Si w gen plizyè anplwaye oubyen fè yon tip deklarasyon enpo sou revni, yo ka egzije w fè demand yon Nimewo Idantifikasyon Patwon (EIN). Ale verifye bòkote IRS pou w konnen si biznis ou an bezwen yon EIN.

Fè demand EIN ou an sou <https://www.irs.gov/businesses/small-businesses-self-employed/get-an-employer-identification-number>

ANREJISTRE BÒKOTE DEPATMAN REVNI (DOR)

Imitrikilasyon Fiskal nan Eta a

Yo ka egzije biznis ou an peye taks Eta yo. Estrikti ak tip biznis ou an di obligasyon fiskal ou genyen yo. Ale sou sitwèb DOR lan pou konnen epi anrejistre pou peye taks ki nesèsè pou biznis ou an <https://floridarevenue.com/taxes/Pages/default.aspx>.

Anrejistreman Nouvo Anplwaye

Lalwa federal ak Eta a egzije pou tout patwon deklare anplwaye yo fenk rekrite ak anplwaye yo re-rekrite yo bay DOR.

Anrejistre nan pwogram nouvo rekritman sou

<https://servicesforemployers.floridarevenue.com/Pages/home.aspx>

FÈ YON DEMAND LISANS, PÈMI OUBYEN ANREJISTREMAN POU BIZNIS

Eta Florida a te kreye Pòtay Enfòmasyon sou Biznis lan pou gide w nan pwosesis pou konnen ki ajans nan Florida ki ka regilarize biznis ou an. Pòtay la pral bay w lis lisans, pèmi ak anrejistremant ki nesèsè yo pou kapab kòmanse biznis ou an nan Florida.

Ale sou www.OpenMyFloridaBusiness.gov pou jwenn plis enfòmasyon. W ap jwenn yon lis ajans Eta yo ak biznis yo regilarize yo nan Anèks A.

CHÈCHE PLIS OPÒTINITE

Anplis prensipal biznis w ap kòmanse a, ou ka vle chèche lòt sous revni ki ka egzije pou jwenn plis otorizasyon. Pa egzanp, si w ap ouvri yon otèl, ou ka vle tou sèvi manje oubyen alkòl. Toude egzije lisans apa.

Anpil biznis kapab benefisye lè yo fè kontra avèk Lotri Florida pou yo vann lotri (bòlèt) an detay pou li. Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon, tanpri al sou sitwèb <https://flalottery.com/retailers>

VERIFYE RÈGLEMAN AK EGZIJANS LOKAL YO

Anplis egzijans federal ak Eta yo nan zafè jwenn otorizasyon, administrasyon Konte lokal ak minisipal ou yo kapab yo menm genyen pwòp egzijans yo fè biznis yo epi yo ka egzije pou gen lòt lisans. Tanpri asire ou wè avèk yo anvan w ouvri. Ou ka jwenn plis enfòmasyon:

- Asosiyasyon Konte Florida (The Florida Association of Counties) sou <https://www.fl-counties.com/>,
- Lig Vil Florida yo (The Florida League of Cities) sou <https://www.floridaleagueofcities.com/research-resources/municipal-directory,oubyen>
- Rezon Sant Devlopman Ti Biznis Florida (The Florida Small Business Development Center Network) sou <https://floridasbdc.org/>.

PREPARE YON PLAN POU RE-OUVRI APRÈ YON KATASTWÒF

Prepare pou yon katastwòf anavans kapab fè biznis ou an leve kanpe pi fasil si ta genyen yon katastwòf.

Divizyon Jesyon Ijans Florida a (Florida Division of Emergency Management) bay yon zouti sou entènèt ki kapab ede w kreye plan w lan nan <https://www.floridadisaster.org/planprepare/>

Anèks A: Ajans Regilasyon Eta yo

Se ajans Eta sa yo ki otorize ak regularize anpil nan biznis k ap fonksyone nan Florida yo. Pou konnen si biznis ou bezwen kominike avèk youn oubyen plizyè nan ajans sa yo, tanpri ale sou sitwèb www.OpenMyFloridaBusiness.gov pou jwenn plis enfòmasyon.



AJANS POU BAY SWEN SANTE (AGENCY FOR HEALTH CARE ADMINISTRATION)

Ajans pou Bay Swen Sante Florida (AHCA) otorize ak regularize moun k ap bay swen sante ak biznis ki nan zafè swen sante nan Florida, tankou lopital yo, sant chiriji mobil yo, kote yo bay swen enfimye yo, rezidans sèvis yo, klinik medikal, laboratwa klinik yo ak klinik sante yo. Moun k ap bay swen sante yo ak lòt pwofesyonèl nan domèn swen sante yo pral bezwen kòdone avèk AHCA pou yo ka jwenn lisans oubyen anrejistreman ki aplikab yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:
<https://ahca.myflorida.com/>



DEPATMAN AGRIKILTI AK SÈVIS KONSOMATÈ (DEPARTMENT OF AGRICULTURE AND CONSUMER SERVICES)

Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè (FDACS) a sipòte ak fè pwomosyon pou agrikilti nan Florida, pwoteje anviwònman an, kenbe konsomatè yo epi asire manje moun ap manje yo bon epi sen. FDACS lan otorize ak enspekte anpil biznis ak metye nan Florida, tankou patisri, moun ki pwodwi lèt, pwa ak mezi, moun ki vann pestisid yo, rekòt uit, lavant manje nan bwat, moun ki gade myèl ak ajans vwayaj yo, ant lòt egzanp. Yon pil biznis diferan ka bezwen kowòdone avèk FDACS pou yo jwenn lisans, anrejistreman ak/oubyen pèmi ki aplikab yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:
<https://www.fdacs.gov/>



DEPATMAN BIZNIS AK REGILASYON PWOFEYONÈL (DEPARTMENT OF BUSINESS AND PROFESSIONAL REGULATIONS)

Depatman Biznis ak Règlemantasyon Pwofesyonèl Florida (DBPR) otorize ak regularize biznis ak pwofesyonèl yo nan Eta Florida a, tankou babèchòp yo, ajans imobilye yo, konpayi konstriksyon yo, kazino yo, restoran, otèl yo ak boutik ki vann alkòl ak pwodwi ki fèt avèk tabak yo. Anpil tip biznis dwe kowòdone avèk DBPR pou yo ka jwenn lisans, anrejistreman ak/oubyen pèmi ki aplikab yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:
<http://www.myfloridalicense.com/DBPR/>

Anèks A: Ajans Regilasyon Eta yo



DEPATMAN SÈVIS TIMOUN AK FANMI (DEPARTMENT OF CHILDREN AND FAMILY SERVICES)

Depatman Sèvis Timoun ak Fanmi (DCF) travay kòtakòt avèk kominote lokal yo pou pwoteje moun ki pi fèb yo, fè pwomosyon pou fanmi yo kapab ede pwòp tèt yo epi ankouraje fanmi ak moun yo pou yo rete fèm. Biwo Pwogram Konsomasyon Sibstans ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Program Office) responsab pou siveye otorizasyon ak regularizasyon tout sant k ap trete moun ki fimen dwòg ak bwè alkòl yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:

<https://www.myflfamilies.com/services/licensing/samh>



DEPATMAN FWI SITRIK (DEPARTMENT OF CITRUS)

Depatman Fwi Sitrik la genyen pou misyon ogmante demand pou pwodwi sitrik (sitwon, zoranj elatriye..) nan Florida pou l ka garanti dirabilite ak byennèt ekonomik moun ki pwodwi fwi sa yo, endistri fwi sitrik lan ak Eta Florida. Depatman sa a regularize ak sipèvize tout biznis ki nan domèn fwi sitrik nan Eta a. Yo defini fwi sitrik yo, san pale de jesyon kote yo kiltive yo a, tankou zoranj, chadèk, mandarin aprè rekòt yo ak varyete yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:

<https://www.floridacitrus.org/oubyen>

<https://www.floridacitrus.org/grower/> pou fè demand lisans yo.

FLORIDACOMMERCE **Komès Florid**
Depatman Opòtinite Ekonomik
Florida (DEO) ede gouvènè a
avanse ekonomi Florida a nan defann vizyon devlopman ekonomik
Eta a ak nan jere inisyativ ak pwogram Eta e federal yo pou ede
vizitè yo, sitwayen yo, biznis yo ak kominote yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:

<http://www.floridajobs.org/about-us>



DEPATMAN ZAFÈ GRANMOUN AJE (DEPARTMENT OF ELDER AFFAIRS)

Depatman Zafè Granmoun Aje Florida a
(DOEA) jere ak devlope pwogram sèvis
sosyal yo pou ede grandèt yo pandan y ap viv, kontribye ak bati eritaj
nan Florida.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:

<https://elderaffairs.org/>

Anèks A: Ajans Regilasyon Eta yo



DEPATMAN PWOTEKSYON ANVIWÒNMAN (DEPARTMENT OF ENVIRONMENTAL PROTECTION)

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Florida a fè pwomosyon pou jesyon anviwonman an. Ajans sa a se youn nan ajans pi ki divès nan gouvènman Eta a. Li pwoteje lè, dlo ak tè a. Depatman Pwoteksyon Anviwònman Florida a gen pou vizyon kreye patenarya solid nan kominote a, pwoteje resous natirèl nan Florida ak amelyore ekosistèm li an. Anpil tip biznis (pa egzanp, fabrikan yo) gen enpak sou resous natirèl Eta yo. Se sak fè yo dwe kowòdone avèk DEP a pou yo jwenn pèmi apwopriye yo pou yo ouvè epi jere biznis yo an.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:
<https://floridadep.gov/oubyen>
<https://www.fldepportal.com/DepPortal/go/home>



DIVIZYON JESYON IJANS (DIVISION OF EMERGENCY MANAGEMENT)

Divizyon Jesyon Ijans Florida asire l'Florida pare pou l' bay repons nan sitiyoasyon ijans yo, redrese apre ijans yo ak minimize enpak yo. Divizyon an bay repons avèk e planifye pou katastwòf natirèl ak katastwòf lèzòm kreye. Katastwòf sa yo soti nan inondasyon ak siklòn rive nan ensidan ki enplike matyè danjere yo oubyen enèji nukleyè. Divizyon sa a prepare ak mete an plas yon Plan Jesyon

Ijans Konplè nan tout Eta a epi fè egzèsif entansif regilyèman pou teste kapasite repons Eta a ak konte yo nan sitiyoasyon ijans yo. Prepare pou yo katastwòf annavans kapab fè biznis ou an leve kanpe pi fasil si ta genyen katastwòf.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:

<https://www.floridadisaster.org/>



DEPATMAN SÈVIS FINANSYÈ

Depatman Sèvis Finansyè Florida (DFS) bay sèvis ak regularize biznis ki nan zafè finans ak asirans yo.

Depatman sa a tou jwe wòl annavans ak direktè finansye Eta a. Pwofesyonèl ki nan zafè finans ak asirans yo dwe kowòdone avèk DFS pou yo ka jwenn lisans, anrejistreman ak/oubyen pèmi ki aplikab yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:

<https://www.myfloridacfo.com/>



DEPATMAN SANTE (DEPARTMENT OF HEALTH)

Depatman Sante Florida (DOH) otorize ak regularize doktè ak lopital yo nan Florida. Doktè, lòt pwofesyonel lasante ak kèk enfastrikti sanitè dwe kòdone avèk DOH pou yo ka jwenn lisans, anrejistreman ak/oubyen pèmi ki

aplikab yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:

<http://www.floridahealth.gov>

Anèks A: Ajans Regilasyon Eta yo



DEPATMAN SEKIRITE SOU OTOWOUT AK VEYIKIL-A-MOTÈ (DEPARTMENT OF HIGHWAY SAFETY AND MOTOR VEHICLES)

Depatman Sekirite sou Otowout ak Veyikil-a-Motè Florida garanti sekirite sou otowout yo ak bay moun k ap kondwi yo bon sèvis. Depatman sa pran angajman pou l pwoteje pwo-aktivman wout nou yo, amelyore sèvis sou entènèt pou moun k ap kondwi yo, amelyore sèvis kliyan a ak bati relasyon avèk patnè estratejik nou yo. Bizinis ki nan zafè transpò dwe kowòdone avèk depatman sa a pou yo jwenn otorizasyon kòm sadwa.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:

<https://www.flhsmv.gov>



DEPATMAN SÈVIS JESYON (DEPARTMENT OF MANAGEMENT SERVICES)

Depatman Sèvis Jesyon (DMS) gen pou misyon prensipal sipòte ajans ki konte sou li yo nan ba yo mendèv pou yo kapab ranfòse misyon prensipal yo genyen an jan lalwa defini l lan. Depatman sa a travay kòtakòk avèk sektè biznis lan pou l bay yon pwosesis ouvè ki gen konpetisyon pou fè biznis nan Eta Florida. Biwo Divèsite Founisè DMS nan (The Office of Supplier Diversity, OSD) geyen ladan l yo ekip espesyalize ki anba zòd Divizyon Acha Piblik lan k ap chèche ogmante opòtinite komèsyal pou fanm, veteran ak minorite ki gen biznis nan Florida yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:

<https://www.dms.myflorida.com/>



DEPATMAN REVNI (DEPARTMENT OF REVENUE)

Depatman Revni Florida ap jere twa (3) pwogram: jesyon jeneral enpo, sipèvizyon enpo fonsye ak pansyon alimantè pou timoun. Pwogram jesyon jeneral enpo a travay avèk biznis nan Florida yo ki gen egzijans pou anrejistre, kolekte, deklare ak peye taks ak frè

Depatman an egzije yo. Epitou Depatman an jere Sant Deklarasyon Nouvo Rekritman Eta Florida a. Lwa federal ak Eta yo egzije pou patwon yo deklare anplwaye yo fenk rekrute, re-krute ak anplwaye tanporè yo nan yon delè 20 jou aprè dat anplwaye a kòmanse travay la. Yo itilize enfòmasyon sa yo pou ede pwogram pansyon alimantè Depatman an avèk òdonans pensyon alimantè pou timoun yo. Enfòmasyon sou travay ki deklare nan Sant Deklarasyon Nouvo Rekritman Eta itilize tou pou detekte ak anpeche fwod nan èd leta ak èd pou rejwenn travay.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:

<https://floridarevenue.com/Pages/default.aspx>

Anèks A: Ajans Regilasyon Eta yo



DEPATMAN DETA (DEPARTMENT OF STATE)

Depatman Deta (DOS) ap fè tout efò pou l amelyore fason tout moun nan Florida ap viv. DOS sanble achiv piblik enpòtan Florida yo epi prezève rich eritaj istorik ak kitirèl li an pou jenerasyon k ap vini yo kapab pwofite l. Anplis, DOS ede fè pwomosyon pou devlopman ekonomik ak kreye yon klima biznis ki gen konpetisyon atravè anviwònman Florida a ki ouvè bra bay biznis yo. Li fè pwomosyon pou pwogram sibvansyon yo ki bay kominote yo avantaj, anpil bibliyotèk leta nan tout Eta a epi li bay kòb pou fè aktivite ki atire touris. Anfen, DOS kontribye nan mete sou pye yon administrasyon estab ak ouvè nan Eta a nan bay aksè avèk enfòmasyon ak nan pwoteje demokrasi atravè sipèvizyon bon eleksyon. Lalwa Florida egzije pou biznis yo anrejistre fo non yo ak laplipa estrikti biznis yo bòkote DOS.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb : <https://dos.myflorida.com/>



KOMISYON POU KONSÈVASYON LAPÈCH AK ESPAS NATIRÈL (FISH AND WILDLIFE CONSERVATION COMMISSION)

Komisyon pou Konsèvasyon Lapèch ak Espas Natirèl (FWCC) pwoteje ak jere plizyè santèn espès ki nan espas natirèl la. Genyen nan yo plis pase 200 espès pwason dlo dous ki lokal ak plis pase 500 espès pwason dlo sale. Ajans sa a fè ekilib ant bezwen 19 milyon abitan yo ak espas natirèl l ap pwoteje a. Kèk nan biznis FWCC otorize ak regilarize yo se biznis k ap vann angwo ak vann pwodwi dlo sale yo, bato, bagay lachas, po bèt ak fouri epi fèm ki kenbe aligatò yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:

<http://myfwc.com>



LOTRI FLORIDA

Lotri Florida a bay tout moun ki jwe yo plezi epi li fè yo anvi jwe plis. Genyen nouvo jwèt, pi gwo prim ak plis moun ki genyen. Lotri Florida a bay tou enfòmasyon sou jwèt yo, kijan pou yon moun fè pou vann lotri (bòlèt) an detay epi li sipòte edikasyon tou.

Finansman ki sòti nan Lotri Florida a envesti nan edikasyon nan chak 67 Konte nan Florida yo. Pwogram Bous Avni Briyan Florida a (Florida Bright Futures Scholarship Program), Lotri Florida a finanse, pèmèt plis pase 725 000 elèv ak etidyan pouswiv objektif akademik yo nan kolèj ak inivèsite nan Florida yo depi lè pwogram lan te kòmanse nan lane 1997.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb: <https://floridalottery.com/>

Anèks A: Ajans Regilasyon Eta yo



BIWO RÈGLEMANTASYON FINANSYÈ (OFFICE OF FINANCIAL REGULATION)

Biwo Règlemantasyon Finansyè Florida a fè sipèvizyon pou r... is k ap bay sèvis finansyè nan Florida. Biwo sa a pwoteje sitwayen Florida yo, favorize yon mache finansyè ki sekirite epi kontribye nan kwasans ekonomi Florida a grasa yon règlemantasyon entèlijan, efikas ak efisyan endistri sèvis finansye an. Ajans sa a otorize ak regilarize bank leta yo ak kowoperativ kredi yo, pretè ak koutye ipotèk yo, bizis ki bay sèvis lajan yo, pwofesyonèl ak fim valè mobilye yo ak lòt biznis ki bay sèvis finansye yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:
<https://flofr.gov/>



BIWO RÈGLEMANTASYON ASIRANS (OFFICE OF INSURANCE REGULATION)

Biwo Règlemantasyon Asirans lan ap favorize yon mache asirans estab ki konpetitif pou konsomatè yo. Biwo sa a genyen pou vizyon kreye yon mache asirans solid ki konpetitif pandan l ap pwoteje piblik k ap achte asirans yo. Sèvis Admisyon Konpayi (Company Admissions Section) an responsab pou l resevwa tout demand konpayi an epi kowòdone avèk biwo a pou revize demand sa yo anvan pou l otorize konpayi an vann asirans nan Florida.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb:
<https://www.floir.com/>

Anèks B: Lòt resous

PWOGRAM DEVLOPMAN RIRAL AK SÈVIS POU BIZNIS YO USDA A

Pwogram Devlopman Riral USDA a ap dirije plis pase senkant pwogram èd finansye pou divès demann aplikasyon riral. Seleksyone yon kategori ki pi byen dekri sitiyasyon w lan pou w ka wè kisa Pwogram Devlopman Riral la ka fè pou l ede w.

Pou jwenn plis enfòmasyon, al revwa lis konplè tout pwogram yo sou sitwèb <https://www.rd.usda.gov/programs-services/all-programs>

Men Kèk Pwogram Enteresan:

- Pwogram Avanse Peman Biyokabiran (Advanced Biofuel Payment Program)
- Biorafinri, Pwodwi Chimik Renouvlab ak Biyolojik
- Pwogram Èd Fabrikasyon (Manufacturing Assistance Program)
- Garanti Prè pou Biznis ak Endistri (Business and Industry Loan Guarantees)
- Sibvansyon Koneksyon ak Kominote (Community Connect Grants)
- Sibvansyon Pou Aprantisaj a Distans ak Telemedsin (Distance Learning and Telemedicine Grants)
- Finansman Pwojè Distribisyon Pwodiksyon Enèji (Distributed Generation Energy Project Financing)
- Farm Bill Broadband Loans and Loan Guarantees
- Pwogram Nouvo Prè Entèmedyè (Intermediary Relending Program)
- Pwogram Èd Ranplasan Entegral (Repowering Assistance Program)
- Sibvansyon pou Devlopman Biznis Riral (Rural Business Development Grants)

- Pwogram pou Investisman Biznis Riral (Rural Business Investment Program)
- Pwogram Prè ak Sibvansyon pou Devlopman Ekonomik Riral
- Enèji Riral pou Pwogram Amerika Enèji Renouvlab
- Prè ak Sibvansyon pou Amelyorasyon Efikasite Sistèm ak Enèji (Systems and Energy Efficiency Improvement Loans and Grants)
- Pwogram Èd Mikro-entreprenè Riral (Rural Microentrepreneur Assistance Program)
- Sibvansyon pou Kategori Sosyal Defavorize (Socially-Disadvantaged Groups Grant)
- Devlopman Ekonomik Estratejik ak Kominotè (Strategic Economic and Community Development)
- Prè pou Enfrastriksti Telekomunikasyon ak Garanti Prè (Telecommunications Infrastructure Loans and Loan Guarantees)
- Sibvansyon pou Pwodiksyon Valè Ajoute

PATNÈ POU DEVLOPMAN MINORITE

Konsèy Devlopman Founisè Minorite Eta Florida

Yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi bay tèt li misyon pou l ogmante acha antite gouvènman yo ak sosyete yo fè nan men biznis minorite yo pandan l ap ogmante kapasite fonksyonman Antrepriz Komèsyal Minorite (MBE) grasa yon èd pratik, fòmasyon ak aksè nan teknoloji epi resous kapital pou biznis yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb <https://fmsmdc.org/>

Anèks B: Lòt resous

Prospera

Prospera se yon òganizasyon devlopman ekonomik ki pa la pou fè pwofi. Li espesyalize l nan bay antreprenè Ispanik yo èd nan de lang pou yo ka mete anplas oubyen devlope biznis yo nan Florida. Prospera bay konsiltasyon endividyèl, seminè sou biznis an Espanyòl, èd pou jwenn prè ak sibvansyon antrepreneryal pou pwojè ki soutrete yo tankou plan biznis ak maketin, kreyasyon imaj mak ak sitwèb, analiz kontab ak evalyasyon jiridik ak plis. Avèk biwo nan rejyon Department of Management Services, DMS).sant, sid ak lwès Florida yo, yo bay sèvis yo gratis grasa kontribisyon moun ak don sosyete yo, sibvansyon gouvènman ak kolèk lajan.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb <https://prosperausa.org/>

Konsèy Konsiltasyon sou Devlopman Ti Biznis ak Minorite (Florida Advisory Council on Small and Minority Business Development, FACSMBD)

FACSMBD otorize ak jere atravè Depatman Sèvis Jesyon Florida Department of Management Services, DMS). Grasa rekòmandasyon politik yo fè bay Gouvènè a, chèf Sena yo ak Sekretè DMS lan, konsèy la jwe yon kokennchenn wòl nan fè diferans pou ti biznis ak mikro-biznis Florida yo. Rapò Anyèl konsèy lan bay enfòmasyon resan sou pwogresyon konsèy la ak sis (6) rekòmasyon kle, tankou repase men nan lalwa sou mikro-finans ki anvigè a pou fè l fasil pou moun ki pran ak prete kòb yo konprann. Sekretè DMS la nome konsèy la epi Gouvènè a aprouve l. Li genyen anpil elektè ak aksyonè ladan l. Li fonksyone an komite. Piblik la kapab patisipe nan tout reyinyon yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb

https://www.dms.myflorida.com/agency_administration/office_of_supplier_diversity_osd/florida_advisory_council_on_small_and_minority_business_development2

Resous adisyonèl

Pou plis resous, tanpri vizite OpenMyFloridaBusiness la

Paj resous nan <http://openmyfloridabusiness.gov/resources/>



DEPATMAN REGILASYON KOMÈSYAL AK PWOFEZYONÈL

© 2017

ATANSYON: Menmsi gen efò ki te fèt pou verifye sa k anndan Gid elektwonik sa a korèk ak byen detaye, li rekòmande pou al wè yon pwofesyonèl (pa egzanp, SBDC, avoka, CPA, eksetera) pou w asire ou reponn avèk tout egzijans yo pou kòmanse biznis ou an. Depatman an pa responsab pou kontni sitwèb yo ki lye ak Gid elektwonik lan oubyen pòtay lan.